


KUYEDZA KUITIRA MWARI BASA

IKWO KUSIRI KUDA KWAMWARI

 Hama vashumiri, nemi shamwari kunze uko, ndinoti mukana wakanaka kuva pano mangwanani ano. Kuziviswa kwakadaro, saka, handisi kuziva kuti ndichazviita sei kuti ndirarame zvakadaro.

² Asi ndakangogara apo ndichitaura, Hama Noel neni, handitende kuti ndati ndambosangana nemunhu akanyatsofanana...tose takagadzirwa neforoma dzakasiyana, asi naMwari mumwe chete. SaHama Jack Moore, ivo vakanyatso...Hama Noel vanga vachiti, “Kubvira ndakanga ndiri pano navo...” Uyu mukwasha wavo, uye kuti vakadzidza sei kuvada nokuremekedza huchenjeri hwavo nezvimwe. Uye izvozvo, ndinogona kuti “ameni” kwazviri. Zvinhu zvakanaka zvakanwanda...nguva dzatakava nadzo pamwe chete, ivo neni, neHama Brown, Hama Boutliere pano. Vanhu vaMwari vakanaka vandinonyatsoda nemoyo wangu wose.

³ Uyezve ndi—ndiri kuona kuti tose hatisi kudzokera kuva vaduku, saka, ndinogofunga pamusoro penguva zvino iri kutiona tichishanduka kubvira kuda makore makumi maviri apfuura tichipfuura nemumagwenga, nezvimwe zvakadaro sevarume vaive vachiri vaduku. Asi kungoziva kuti kune Nyika kwatisingazochemberi. Tichasangana ikoko zvakare rimwe zuva.

⁴ Usiku hwapfuura pandakanga ndiri kubva patabhenakeri, paiva nemumwe mudzimai muduku akanga akarara kumashure imomo panhowo, zvino akati, “Hama Branham, makore akapfuura...” Ndinofunga kuti akanga akawoma mitezo. Akati, “Makandiudza...” Ndakanganwa zvakataurwa nemudzimai uyu zvino, zvimwe zvakafanana nokuti, ndinotarisa kuti handizozvitaupi nepasiri ipo. Akati, “Kuti kuremara uku kwandaiva nako kwaizova nechinangwa,” kana zvimwewo, kuti aizova nemwana. Uye haana kuzvinzwisisa kuti zvaizoitika sei apo iye ari muchinhano chakadaro.

⁵ Ipapo paive pakamira murume wechidiki, aiva nechiso chairatidzika zvakarurama, akati, “Ndini mwana wacho wavakaita.” Ndokuti, “Ndini mwana wacho wavakaita.”

⁶ Uye zvinhu zvakanwanda zvakaitika munzira, hatitomborina kana nguva pano yokupedza kuzvikurukura. Tichazviita kune rimwe divi.

⁷ Zvino ino Business Men’s chapter, handisi nhengo yeripi zvaro sangano, ndinofungidzira kuti mose munoziva, asi ini...

Iri ndiro boka roga randakabatanidzwa naro, ndine kadhi reruwadzano, raka... Vanosanganisira masangano ose, vangori vana muzvina mabhizimu. Vave chinhu chakakosha kwandiri uye nekumhando yeshumiro iyo Ishe Baba vedu vakandipa. Yaka...zvanga zvisiri chaizvo zvokuti handidi masangano; inongori shumiro yandakapiwa, uye kana ndisina kutendeka pakudanwa uku, zvararo ndinozova munhu asina kutendeka kuna Mwari.

⁸ Uye, ndiri kufunga, ndave kuda kubva kuTucson, zvichida vakawanda venyu makanga muripo, rimwe zuva ndaive, Los Angeles ndichitaura nechapter iyi. Zvino pakanga paine... Ndakanga ndichangobva mukutsiura sangano iri zvakati—zvakati omei. Handi—ndina kushuwa kuti zvinge zvakadaro. Kana ukazviitira izvozvo utsinye, zvino ndinenge ndave munyengeri. Haufanire kudaro, kwete, kungozvimwaira pane mumwe munhu. Asi ndakanga ndataura pamusoro pemuti wandakaona muruvanze rweHama Sharrit. Waiva nemhando dzinenge shanu dzemichero yakasiyana pauri. Zvino ndakati, “Handina kumbobvira ndakaona muti wakadaro muhupenyu hwangu.” Waiva mu...waiva nemagrapefruit, waiva nemaremani, waiva nematangerine, matangelo, maranjisi, zvose zvichikura pamuti mumwe chete. “Zvakanaka,” ndakati, “ini—ini handisi kuzvinzwisisa. Umbori mhandoi yemuti?”

“Muti wemaranjisi.”

Zvino ndakati, “Saka, uyo mugrapefruit?”

Ndokuti, “Hongu.”

Ini—ini ndokuti, “Chirudzii?”

Ndokuti, “Wakadzimikirwa.”

Zvino ini ndokuti, “O, ndaona.”

⁹ Akati, “Ose ndeemhuri yemiti yemaranjisi, uye muti wese wemhuri yemiti yemaranjisi iwo... unogona kudzimikirwa.”

¹⁰ Ndikati, “Ndanzwisisa.” Zvino ndakatanga kudandizira zvishoma, munoziva, nokuti ndinohuta-huta nokunzwa manyawi.

¹¹ Saka, akati, “Zvaita sei?”

¹² Zvino ini ndokuti, “Zvakanaka, ndanga ndiri kungofunga pamusoro pechimwe chinhu.” Zvino ndakati, “Iye zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo.” Ini ndokuti, “Zvino, gore rinouya panodomba maruva, panenge pasina maranjisi, matangelo, magrapefruit, maremani; ose anenge ari maranjisi nokuti muti wemaranjisi, haudaro here?”

¹³ Akati, “Kwete, kwete. Kwete, bazi roga-roga rinobereka zvaro.”

¹⁴ Ndokuti, “Ndaona.”

15 Saka izvozvowo zvanga zvichinzwika zvakanaka, nokuti ndiri...munoziva kuti ndine...ndizvo munoziva kuti ndine dhigirii kubva kuHartford nemamwe ose mayunivhesiti aya, munoziva. Saka—saka ndiri...ndinotarisa *zvisikwa*, ndiyo yunivhesiti yakanakisisa yandati ndambowana parizvino, yunivhesiti yeMusiki. Saka kana ndikatarisa izvozvo, ndinowana mharidzo dzangu kubva pamaitiro anoita zvisikwa.

16 Uye ndakati, “Zvakanaka, zvinongondiita kuti ndinzwe zvakanaka.”

17 Akati, “Zvaita sei?”

18 Ndakati, “Ndangofunga chimwe chinhu.”

19 Saka, zuva iroro, ndakanga ndiri kuparidza nezvazvo. Zvino ndakati, “Zvino, munooona, kereke payakabuda kutanga, yaive...Jesu akati...” Ndakanga ndiri kuparidza Johane 15. “Ndini Muzambiringa, imi muri matavi. Uye bazi rose risingabereki muchero richatemwa, richapiswa.”

20 Zvino mumwe munhu akanyatsondidzipa pahuro pane izvozvo, ndokuti, “Munooona, ndaifunga kuti kana wakambozadzwa chaizvo neMweya Mutsvene uye wakaponeswa, makati, ‘havakwanise kubva pazviri.’”

21 “Ndizvozvo chaizvo.”

22 Akati, “Ko *izvo*?”

23 Ndikati, “Zvino wave kutaura pane chidzidzo chakasiyana. Ari kutaura pamusoro pekubereka muchero ipapo, kwete Muzambiringa; Ari kutaura nezvekubereka muchero, uye kwete Upenyu. Akati, ‘Zvakanaka, chingotemai muti wacho kuitira kuti ugokura, ubereke muchero.’”

24 Iye akati...

25 Zvino ndakati, “Zvino, uri kuona, muti uyu, pawakatanga, wese waiva Makristu echokwadi, emuBhaibheri. Zvino kwakazouya rimwe davi rinonzi Lutheran, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani: maremani nemamwe ose.” Zvino ndakati, “Unoona, rinorarama nezita reChikristu, asi iro...Riri kurarama kubva paMuti uyu, asi riri kubereka mhando yaro yesangano. Waona? Asi” ndakati “kana muti wemuranjisi yu ukaburitsa rimwe davi pachawo, richabereka maranjisi sezvarakaita pakutanga.”

26 Zvakaitika kuti, paive pagere kumusoro ikoko, mukuru werimwe guru...rimwe sangano redu gurusa rePentekosti. Handizive kuti ndingazviite sei kuti munhu wese agonzwisisa kuti haisi pfungwa yangu kuti—kuti ndi—ndinopesana nedziya hama, hanzvadzi; handizvo izvozvo. Handinzwisiswe zvakananyanya kwazvo, uye handizive kuti sei. Maona? Vanhu vanofunga kuti handitombotendi kuti vanhu vanoenda kucheche. Izvozvo zviri miriyoni yemamaera kubva paChokwadi. “Tinofanira kuungana pamwe chete, uye zvichifanira kunyanya

patinoona zuva racho richiswedera.” Maona? Tinofanira kuuya pamwe chete mukubatana. Tinogona kutadza . . .

²⁷ Dai ndaigara muguta uye vasina chavaive nacho imomo kunze kwe . . .zvakanaka, imwe kereke (handidi kudana chero rimwe zita), asi chero kereke hayo, kana vachingotenda chinhu chimwe chete bedzi, kuti Jesu aive Mwari, zvimwe zvose zvonge zvakatsveyama, ndinoenda kukereke iyoyo. Kana ndikasawana rofu rose rizere rechingwa, ndi—ndichatora hwendefa imwe chete. Maona? Ndinoenda kunoteerera, ndonamata Ishe, ndomuratidza kuti ndiri kuita chikamu changu. NdinoMuda kuti azive kuti ndiri mupenyu. Ndiri—ndiri . . . ndinoda kuti munhu wese azive divi randiri. Ndinoungana pamwe neMakristu, zvino ipapo ndonamata ne—nekushumira Ishe.

²⁸ Asi zvakaoma kwazvo, ini . . .zvaimbondinetsa zvikuru, zvino ndakazooka kuti kunyange Ishe vedu havana kunzwisiswa muzvinhu zvakawanda. Vaiti vakataura chimwe chinhu, uye vaizo . . .kusanzwisiswa. Ndinofungidzira kuti zvinofanira kungove saizvozvo. Asi avo vakachenjera vachanzwisisa. Maona? Bhaibheri rakataura kudaro. VachaZvibata.

²⁹ Saka mangwanani ano pandiri kutaura izvi . . . Uye ndakati, “Zvino, ivo—ivo vanorarama kubva pazita rokuti Chikristu, asi vanobereka mhando yemuchero usiri iwo. Rine muchero wesangano. Vanoranga chinhu, zvino vari kurarama kubva pachiri, uye vachirama neUpenyu hwacho chaihwo.”

³⁰ Ndizvo zvandakanga ndiri kuedza kureva nezuro manheru, kuti mweya uyu unogona kubhabhatidzwa muMweya uyu uye woramba usiri Mukristu. Maona? Uri kurarama kubva paUpenyu humwe chete ihwohwo, asi michero yaunobereka ndiyo inotaura zvauri. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Maona? Vanogona kuita zviratidzo zvose, uye vagonamatira vanorwara, nekupodza varwere, nekuzarura meso, nokudzinga mweya yakaipa, ne—nekuita zvinhu zvose izvi, vachirama kubva paHupenyu humwe chete huri imomo, asi richingori remani. Maona? Ndizvozvo chaizvo. “Nemichero, unozivikanwa,” Jesu akadaro. Uye saka zvino tinoona . . .

³¹ Zvino pandakabva papuratifomu, mutungamiri mukuru uyu akasimuka, akati, “Anga asiri kureva izvozvo.” Akati, “Tinoziva kuti tose takadzimikirwa imomo.” Saka, ichokwadi kuti takadzimikirwa, takadzimikirwa pachigutsa, ndizvo chaizvo; asi kwete kudzimikirwa, paMuzambiringa. Saka zvino akati . . . ndokutanga kuita sokunge—sokunge kunditsvinyira zvishoma.

³² Zvino paiva nemuchinda wechidiki ipapo, ndinofunga kuti mumwe wevanhu vane hukama nemutambi wemabhaisikopo. Zita rake anonzi Danny Henry, zvino aive mukomana wechiBaptisti. Saka, akauya papuratifomu kuzoisa maoko ake pandiri achindimbundira, zvino ndokuti, “Hama Branham,

ndinotarira kuti izvi hazvinzwike sekumhura, asi” ndokuti “ndinotenda kuti izvozvo zvinopotsa zvava chitsauko 23 cheZvakazarurwa.”

33 Zvino ndikati, “Ndatenda.”

34 Zvino akatanga kutaura zvimwewo zvinhu zvino ndokubva atanga kutaura nendimi, mukomana wechiBaptisti. Zvino paakadaro, paiva nemumwe mu—mudzimai anobva kuno kuLouisiana, aiva muFrench, akaita sokunge mudzimai ane mumhu mukuru ari mufemu, akanyora pasi dudziro yacho.

35 Saka, zvino pakanga paine mumwe muchinda wechidiki aive akagara nechekuno uku akanga ari muFrench, akanyora pasi zvaakanga ataura. Vakaenzanisa zvinyorwa zvacho, zvino zviri zviviri zvaive zvakafanana.

36 Uye zvino mumwe mukomana mukuru, aive nevhudzi rinenge jena akanga akamira kumashure-shure, paClifton’s Cafeteria, akauya achifamba. Akati, “Regai ndione zvinyorwa zviya. Ndinoda kuona zvazvakaita.”

37 Zvino zvose zviri zvitatu zvaive zvakafanana padudziro. Aive muturikiri weU.N., muturikiri wechiFrench. Zvino chakataura kuti:

Nokuti wakasarudza nzira iyi yakatwasuka uye iri nhete, nzira yakaoma, wazviita sokusarudza kwako.

Asi isarudzo yakabwinya zvakadini yawaita, nokuti iNZIRA YANGU.

Maona? Uye ndokuti...uye ndokuenderera mberi zvino ndokuti:

Izvi pachezvazvo ndizvo zvacho zvichaita kuti zviitike, uye nokuita pamwe nokuunza, zvichaitika, kukunda kukuru muRudo rwaMwari.

38 Munoono, nguva dzose, kunyange muchiFrench, chiito chiri mberi kwemaitikiro imomo mu—mu—mududziro. Saka muna izvozvo handina kukwanisa kuti... Mosesi, akaita sarudzo yake, aitofanirwa kuita sarudzo yake. Isu tose tinofanirwa kuita sarudzo dzedu uye nokuita zvakanakisisa sokukwanisa kwedu. Uye Mwari...ndinoremekedza shoko remunhu wese rinopiwa riri raMwari. Ini...chingave chiri chii, ndinozviremekedza memoyo wangu wose.

39 Iye zvino, ndinoona imwe hama yechidiki yauya chinguva chapfuura, Hama Stringer, ndinofunga kuti vanobva zasi kuLouisiana...kana Mississippi, vatiunzira mifananidzo pano yamationa tichitarisa. Wanga uri weMutumwa waJehovha, paAkaonekwa. Vangani vakanzwa nyaya yacho? Ndinofungidzira kuti mose muri pano makainzwa. Makazvinzwa patepi, nezvakadaro.

40 Zvino, ndakazviudzwa mamwe mangwanani naten o'clock, ndakamira mukamuri yangu kuIndiana. Ndokundiudza kuti ndaizenge ndiri kuTucson, kuri kuseni-seni mangwanani, ndaizenge ndichibvisa chaguduma (tinochidana ikoko kuti, chidhongi) kubva pagumbo remudhebhe wangu. Zvino Ngirozi nomwe dzakauya ndokuputitsa izvi, nepasi pakaputika nezvimwe zvose, ku...matombo akakunguruka kubva mumakomo, zvino Ngirozi nomwe ndokumira ipapo.

41 Zvino ndakati, "Saka..." Ndakaudza mudzimai wangu, zvino ari pano pane imwe nzvimbo mangwanani ano, "Chigadzirira zvinhu zvose nokuti hapana nzira yokuti munhu angararama pakadaro," ndikati, "kubuda mune zvakadaro. Ndiri kuenda kuTucson, basa rangu rapera pano panyika. Ndave kuenda Kumusha kunova naIshe Jesu."

42 "Saka," akati, "une chokwadi here?"

43 Ndikati, "Hongu. Hongu, hapana aigona—aigona kupona pakadaro. Hapana nzira yokuzviita."

44 Ndichangobva kuparidza *Mazera Manomwe Ekereke*. Ndipo paya pandakafonera gamba redu, duku Hama Jack Moore kuvabvunza pamusoro peizvi, Jesu, muna Zvakazarurwa 1, akamira ipapo nevhudzi jena nezvose.

45 Ndakati, "Akanga ari Murume wechidiki." Zvino ndipo pakauya chizaruro chokuti yakanga iri wigi yakapfekwa, kwete kuti iYe; Aive newigi (uye handina kugona kuzvinzwisisa), kuti aive Mwari Wekumusorosoro. Uye vatongi vakare vaidaro muIsraeri, vaifanira kunge vaine musoro muchena. Zvino ruvara rwuchenda rwunomirira kuchena. Uye vatongi vokuEngland kusvika pazuva rino, mumasupreme court ekuEngland, vanopfeka wigi chena pavanobuda, nokuti hapana mumwe murawo uri pamusoro pewavo pano panyika. Maona? Uye ivo vatongi vepamusorosoro.

46 Zvino ndinorangarira ndakaendako kuArizona nezvimwe zvose, ndinoedza nokukwanisa kwangu kwese kuti... Ndaifa nokutya. Ndakaenda kumusangano wekuPhoenix. Uye rangarirai, ndakaparidza mharidzo, *Madzichangamire, Inguvai?* Munozvirangarira? Ndakataura kuti ndakazviona, ndikati, "Zvisati zvaitika, rangarirai, ZVANZI NAJEHOVHA, 'Chimwe chinhu chiri kuzoitika.'" Zvichida mune matepi acho muraibhurari yenyu yematepi zvino. Zvino imomo ndakati, "Munorangarira zvino zviratidzo zvisingakundike. 'Chimwe chinhu chiri kuzoitika.' Rangarirai!"

47 Zvino mazuva mashoma mushure maizvozvo, ndakange ndave kutanga kuhuta-huta, uye ndakafunga, "Chiiko ichi? Ndiri kuzofa here? Kana... Ndinotarira kuti zvinokasika kuitira kuti zvindiperere. Handidi kuramba ndichienderera mberi."

48 Zvino mamwe mangwanani Ishe vakati, "Enda pamusoro peSabino Canyon."

⁴⁹ Zvino ndakanga ndiri kumusoro ikoko ndakasimudza mawoko angu, ndichinamata. Ndakanzwa chimwe chinhu chichirova ruwoko rwangu. Waiva munondo. Zvino, munogona kungofungidzira kuti unonzwa sei, wakamira ipapo uri wega zvino herinoi banga muruwoko rwako rakareba kuda *sezvizvi*. Ndakaridzikisa pasi ndokuritarisa. Raingova banga, rimwe rawo. . .zvino ndinotyanga banga, zvakadaro. Zvino rakanga riine si—rakanga riine si—simbi, zvakaita mamwe mapanga aya, sesimbi yepoto kanawo zvimwe, rakapinza zvikuru rakatetepa. Raiva nesimbi yakapoteredza nechepano *apa*, apo vainge vari kurwa vaiwanzo, kuti vasachekane mawoko, uye—uye raiva neparera pamubato pano. Rakanyatsokwana muruwoko rwangu nemazvo. Saka, Ndakapukuta kumeso kwangu ndokutarisazve.

Chaipo panzvimbo imwe chete, mumwe musu, ndakaona njiva duku, chena ichidzika pasi. Ndichakuudza nezvazvo nguva inotevera.

⁵⁰ Zvino ndakanga ndakaribata muruwoko rwangu, ndokufunga, “Izvi hazvinzwisike. Zvino, Ishe, ini. . .ndave here kurasikirwa nepfungwa dzangu? Hapana mumwe ari pano. Ndiri mamaera kure nemumwe munhu zvino heunoi munondo uyu. Ndakanga ndakasimudza ruwoko rwangu, zvino wakabvepi?” Uye ndakafunga, “Chinhu chisinganzwisike zvachose. Zvino honai pano, munondo.” Munoono, kuurova, waive munondo. Zvino ndakati, “Hapana mumwe munhu akamira pano. Ndiri pano pamusoro pematombo aya, pamusoro chaipo pegomo.” Uye wakanga usingakwanise kuona Tucson kubva ipapo, yakanga iri zasi-zasi.

⁵¹ Ndakafunga, “Zvino, chinhu chisinganzwisike. Zvino, munofanira kuva munharaunda ino pane imwe nzvimbo, mumwe Munhu anokwanisa kusika nokugadzira munondo uye nokuuisa muruwoko rwangu.” Ndakati, “Anongogona bedzi kuva wacho Mwari akasikira Abrahamu gondohwe, akagona kusika tsindi dziya,” idzo dzamakanzwa. Zvino ndakati, “Hezvinoi zvacho zvokugadzirisira, mhando nhatu dzakasiyana dzezviri mauri, uye ndakaubata muruwoko rwangu uri wemazvirokwazvo sechero chipi hacho chinhu chandigabata muruwoko rwangu.”

⁵² Zvino ndakanzwa Inzwi, rakati, “Uyu Munondo waMambo mukuru!”

⁵³ Uye ndakafunga, “Zvino, ko Wabvepi? Ndaive ndirimo imomo mumatombo pane imwe nzvimbo.” Zvino ndakaubata muruwoko rwangu *sezvizvi*, zvino ndakati, “Munondo wamambo muduku.” Zvino ndakatarisa-tarisa, zvino munondo wakanga waenda. Zvino ndakati, “Munondo wamambo muduku.” Ndeweku. . .vanogadza hugamba ne—nemunondo, ndinofunga kuti ndizvozvo, vemaoto kana imwewo nzira, vanogadza hugamba nawo, munoziva. Zvino ndokuti,

“Zvakanaka, zvichida ndizvo zwaitirwa. Zvichida zvinoreva kuti ndichaisa mawoko pavashumiri, kanawo zvimwe zvakadaro, zvokuti, kuvaita vashumiri.” Uye zvadaro ini . . .

⁵⁴ Inzwi rakataura zvakare, ndokuti, “Munondo waMambo mukuru!” Kwete mambo *muduku*; Munondo waMambo mukuru! Maona?

⁵⁵ Ndakafunga, “Zvino, pamwe ndave kupenga, pfungwa yangu yarasika, kana kuti pane chimwe chinhu chiri kuitika, pane mumwe munhu akamira neni pano.”

⁵⁶ Zvino hama, zvinhu izvi ndezvechokwadi. Handi—handizivi kuti ndingakuudza sei, nguva dzose magara muchazviona nguva dzose zvichiitika nenzira iyoyi. Uye zviri . . . Handina kugona kuzvinzwisisa. Saka . . . Manzwiwo asinganzwisiseke zvachose.

⁵⁷ Zvino ndakamira ipapo. Ndakafunga, “Zvino, angave Ani uyo agara achitaura neni hupenyu hwangu hwese, kubvira ndichiri kakomana kaduku, kamwanana, amire ipo pano chaipo, uye handisi kukwanisa kuMuona zvachose.” Ndakati, “Munondo waMambo *mukuru*?” Zvinezenge . . . Mwari ndiye Mambo *mukuru*. “Ko munondo uyu chii?”

⁵⁸ “Shoko, Rakaiswa muruwoko rwako.” Ndokuti, “Usatye rufu, ishumiro yako.”

⁵⁹ O, ini zvangu! Ndakadzika kubva mugomo iroro ndokuenda; ndichichema, ndichidanidzira, neinzwi rangu repamusoro, ndichichirika nepamusoro pematombo. Ndakadzika pasi, ndokuudza mudzimai wangu, ndikati, “Handisi kuzofa, unoona, i—i—ishumiro yangu.” (Ndakamuudza kuti aende pamwe naBilly Paul pano, ota vana. Ndikati, “Iye zvino, handina chandinacho, asi kereke ichaona kuti hamuzova nenzara nezvimwe, uye ndi—ndichasangana nemi mhiri kune imwe nyika.”) Zvino—zvino paakanga . . . Ndakati, “Kwete, handisi kuzofa, ndezvimwe zvine chekuita neshumiro yangu.”

⁶⁰ Mazuva mashoma kubva ipapo ndaibva kune mumwe musangano; ndakawana teregiramu ine mapeji matatu, yakanga yabva kuno kuHouston, Texas. Uye murume uya akanditsoropodza zvakaipa kwazvo usiku huya Mutumwa waJehovha akatorwa, mufananidzo waKe wakatorwa uko kuHouston, akandifonera, akati . . . atumira teregiramu, mudzimai akati, “Ndinoziva, Hama Branham, makabatikana nebasa. Mwanakomana wangu, mwanakomana wehanzvadzi yaTed Kipperman, akatongerwa rufu rwekufira mucheya.” Ndakati . . . (ko dai ainge ari Billy Paul?). Akati, “Iye nekamwe kasikana vanofanira kufa.” Uye mose makazviverenga mupepa, ndizvo chaizvo. Zvino ndokuti, “Tariro yoga yatinayo ndeyekuti imi muuye zvino moita musangano zvino mounganidza vanhu pamwe chete.”

⁶¹ Uye Raymond Hoekstra akanga ambondinyorera kakawanda, asi munoziva, ndakanga ndaronga kuti mushure

memusangano uyu ndaizoenda kunovhima naVa Mc Anally nevamwe. Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, kana ndikarega vana ava vachifa uye pasina chimwe chinhu chandaita, handizombofi ndakakwanisa kuenda kunovhima zvakare.”

⁶² Saka ndakati, “Zvakanaka, ndiri kuuya.” Ndakauya kuHouston, ndokuva nemusangano wacho, uye chaizvoizvo ivo...havana kuvauraya, vakango...vakavatongera hupenyu hwese mujere. Uye ndizvo zvavaida kuti vaite, kungovatongera hupenyu hwese. Saka makore anenge makumi maviri nerimwe, ndinofungidzira, mu—muTexas.

⁶³ Saka zvino, ndokudzokera, ndakakwira mugomo zvino ndakaenda neHama Fred Sothmann. Vari pano pane imwe nzvimbo. Hama Fred, muri papi? Ipo pano chaipo. Hama Fred Sothmann, Hama Gene Norman; rimwe zuva, zuva rechipiri takagara ipapo, Mutumwa waJehovha akadzika mumusasa patakanga tiri, zvino ndokutanga kutaura nezvevana vavo nezvinhu zvavakanga vari kuita.

⁶⁴ Ndakabva ndokudzokera kuchikomo. Uye ndakanga ndatowana njiri yangu nechekare, zvino ndakanga ndiri kuedza kudzingira imwe kune Hama Fred. Saka ndakawana padzakanga dzichimbodya padivi regomo, zvino ndikai, “Saka, zvino, ndichakuudzai zvandichaita, Hama Fred.” Ndikati, “Zvino, imi endai panzvimbo iyoyo mangwanani.” Tinoenda kumusoro ikoko kunze pakunotanga kuchena, tokwira nepamusoro pegomo. “Zvino endai ipapo pakubuda kwezuva, zvino ini ndichaenda kune rimwe divi. Zvino, hapana yandinopfura, asi kana dzikamhanya nekuno uku, ndichapfura pamberi padzo ndodzidzosa zvakare. Imi monhonga huru yacho.”

⁶⁵ “Zvakanaka,” vakadaro.

⁶⁶ Saka Hama Fred vakaenda ikoko. Zvino Hama Gene Norman (Handifungi kuti Hama Gene vakauya, vakauya?), vakanga vari—vakanga vari kune rimwe divi. Vazhinji venyu munoziva Gene Norman, shamwari yepamoyo yevakawanda, hama yakanaka. Zvino vakadzika zasi zvishoma. Apo, ngururu dziya, dzakanga dzisiri ipapo mangwanani iwayo. Zvino ndaikwanisa kuona Hama Fred, ndokuvasimudzira ruwoko, vaiva kuda maera rimwe kubva pandaive. Saka, ndakafunga, “Dzingadai dzakaendepi?” Ndakadzika mumupata wakakura kwazvo, zvino ndokudzikamo, ndakafunga, “Ndichaona kana ndikagona kuona padziri.” Ndokutanga kudzoka kumusoro. Kwaive mushure zvishoma kuchangobva mukuchena, zuva rakanga rave kutotanga kubuda.

⁶⁷ Ndakapoterera mupata mukuru, o, ini zvangu, mazana nemazana emafiti, achingori mazitombo makuru mumupata mukuru uyu ipapo, madzira makuru. Zvino kwakanga kwave kuita sokunge...zuva rakanga rave kubuda, kunge seven

o'clock, ndinofungidzira, kana zvimwewo zvakadaro. Zvino ndakagara pasi zvino ndokutarisa kwese-kwese, zvakangoitika kuti ndakatarisa pasi pagumbo remudhebhe wangu zvino pakanga paine chaguduma chiya, tsine. Zvino ndakati, "Unoziva, zvinoita sezvinoshamisa. Unoziva, Mutumwa waJehovha akandiudza kuti ndaizenge ndiri mamaera makumi mana kuchamhembe kwakadziva Kumabvazuva kweTucson, ndichange ndichibvisa chaguduma kubva pagumbo rangu." Munozvirangarira? Munodaró? Hongu, changamire. Maona? Ndakati, "Hazvinzwisisike." Ndakanga ndakachibata.

⁶⁸ Zvino pandakangotarisa mudenga, ndakaona nguruve dzainge makumi maviri dziri mayadhi anenge mazana mashanu kubva pandiri, dzakauya kuzodya mashizha maduku zvino ndokurara pasi. Ndakati, "Zvino, kana ndikangogona kutora Hama Fred ndovaendesa kunzvimbo iyoyo, vanowana nguruve yavo ipapo chaipo. Asi ndinoziva kuti vari kuda maera imwe chete kana maviri kubva pandiri zvino. Saka," ndokuti, "kana ndikakwanisa kukwira nepachimutundurundu chino ichi dzisingandione, nekumusoro kwemuti wemujujuna muduku," ndikati, "kana ndikapota nekudivi iri, pane muhwezva wenondo unodzika nedivi iri, ndinokwanisa kumhanya ndichikwira naipapo zvino ndobuda munzira yadzo. Zvino ndoturika kachimedu kepepa pano apo pandinoziva kuti chikomo chipi chinobuda nacho, pamupata, ndinokwanisa kuendesa Hama Fred ipapo nenguva yakafanira."

⁶⁹ Ndakakandira chaguduma ichi pasi, ndakanganwa nezveZviya. Zvino ndokutanga kuenda nepachikomo zviri nyore zvino ndokucheuka, hadzina kundiona, zvino ndokumhanya ndichidzika ndokupinda mumuhwezva wenondo uya. Ndakanga ndakapfeka nguwane nhema huru kwazvo. Ndakatanga kumhanyisa ndichikwira nemumupata uyu, zvino ndokubva zvaitika.

⁷⁰ Nyika yose yakazunguzika, kwese zvako. Matombo akakura *sezvivi* akakungurukira pasi, guruva richipwititika *sezvizvi*. Zvino ndakatarisa, zvino pakamira pamberi pangu paiva pakamira Ngirozi nomwe; chaizvo nenzira yazvaiva. Ndakanzwa kunge ndaive ndakamira mudenga-denga ndabva pasi. Kutanga, ndakafunga kuti mumwe munhu akanga andipfura, munoziva, nenguwane nhema iya yandaiva ndakapfeka; ndairatidzika senguruve yejavalina, zvakadaro, munoziva kuti dzine hutema. Ndakafunga kuti mumwe munhu akanga andipfura, zvakange...nepedyo chaipo. Uye nda—ndakaona zvino zvazvaive. Zvakanaka, pazvakange...Ndakawana kutumwa kwangu, muRugwaro, "Zvisimbiso Zvinomwe zvinova zvakananzika zvinomwe." Maona?

⁷¹ Mumwe munhu akati kwandiri, ndokuti, "Iye zvino..." O, akati, "Saka, zvino, rimwe zuva zvichida Ishe (muchiona zviratidzo, Hama Branham) vachakuzarurirai kuti zvinhu

izvi zvii, tinokwanisa tose kuswedera pedyo naMwari uye tova nesimba rinodarika ratinowana mukutaura nendimi nezvimwe.”

⁷² Ndikati, “Hazvigoni kuva saizvozvo.”

⁷³ Nokuti, munoona, ndinotenda Shoko kuva Chokwadi. Uye Bhaibheri rakati, “Uyo achawedzera shoko rimwe chete kana kubvisa Shoko rimwe chete kubva paRiri.” Zvinofanira kuva tuShoko iri. Maona? Izvakavanzika izvo vanhu vakapotsa kuona, nokuti ipapo chaipo ndipo pakabva Mharidzo yangu ye*Mbeu YeNyoka* uye neMatendero echokwadi ekuchengetedzwa kwemutendi.

⁷⁴ Handisi kushora hama dzangu dzePresbyteriani ipapo, nevamwe venyu imi hama dzechiBaptisti pamaitiro amunoita pane zvechengetedzo. Handisi kutaura izvi kuti ndinge ndakasiyana, asi hamuna kunge muinazvo zvakangonyatsonaka. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Maona? Asi, ndaivewo nazvo zvisiri izvo, zvakare. Asi kana Ngirozi ikamira ichibva Kudenga zvino yokuudza, uye hezvinoi izvi zvirimo chaimo muRugwaro, Izvozvo ichokwadi. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Munoona, Anotaura nguva dzose zviri maererano neGwaro.

⁷⁵ Imomo ndakazvitarisa kusvikira denderedzwa riya rakwira mudenga, ndokutanga kumhanya richienda mudenga, zvino dzakashanduka kuva sokunge chiedza chisinganzwisike, semhute. Chaizvozvo nenzira . . . Vangani vakaona mufananidzo waCho wakatorwa kuHouston? Kuda mose. Maona? Zvakanaka, ndiyo nzira yaive ichochi. Chakashanduka kuva chinhu chimwe chete, Chakaramba chichikwira kuenda mudenga chichienda mudenga.

⁷⁶ Ndakanga ndiri kumhanya ndichimhanya, ndichiedza kuwana Hama Fred nevamwe. Mushure mechinguva, kuda hafu yeawa yakatevera, ndakakwanisa kuvaona vari zasi-zasi, vachivheyesa mawoko avo; neHama Gene vachiuya, vachivheyesa. Vakaziva kuti chimwe chinhu chakanga chaitika. Zvino saka ndakazova pamwe chete navo. NdiHama Fred vakagara apo chaipo.

⁷⁷ Zvino pachakakwira kumusoro, handina kuziva kuti nzvimbo dzinonzvera zvemuchadenga nezvimwe, kusvika chaiko kuMexico, vakanga vari kutora mufananidzo wacho. Magazini re*Life* raiva nawo paChakanga chave kukwira mudenga. Uye vakawanda venyu. . . Herinoi magazini re*Life* riine mufananidzo waCho. Chinhu chisinganzwisike pano, uye vanoti havazive kwaChakabva; chiri mudenga zvakanyanyisa. Chiri pamusoro pemakore nezvimwe zvose kuti. . . Chiri kumusoro zvakanyanyisa kuti inge iri mhute, nokuti chiri mudenga mamaera makumi matatu uye chakapamhama mamaera makumi maviri nemanomwe mushure mokunge

chasvika kumusorosoro kwakadaro. Hakuna kana hunyoro kana chimwewo chinhu kumusoro ikoko, munoona.

⁷⁸ Uye vakafunga pamusoro pendege; saka vakaongorora nzvimbo dzose, pakanga pasina ndege mudenga zuva iroro. Munoona, vanotofanirwa kudaro, nokuda kwemahwindo anenge achizunguzika nezvimwe. “Hakuna ndege kumusoro.” Hezvinoi izvi zviri ipo pano mumagazini, rinokuudzai chinhu chimwe chete. Zvino—zvino chakaramba chichingoenda mberi. Uye nhasi imomo chaimo . . .

⁷⁹ Hechinoi ichi mumagazini re*Science*, apo, havasi kugona kunzwisisa. Havasi kuziva kuti Chii.

⁸⁰ Tucson, payunivhesiti, imwe shamwari yangu yakaenda ikoko rimwe zuva zvino akanga ari kutaura navo nezvazvo. Ndokuti, “Hatikwanise kuzvinzwisisa . . .”

⁸¹ Ndikati, “Usawane chaunotaura, hapana chakanaka chazvinoita. ‘Usakandire maparera ako pamberi penguruve.’” Maona? NdezveKereke, kune Vasanangurwa, avo vakadanirwa kunze. Maona?

⁸² Uye mumwe nomumwe vakanga vari kuuya, vachiti, “Hama Branham, ndiri kuona mufananidzo wenyu pano. Ndiri kuona *izvi*. Ndi . . .” Munoziva zvazviri. Asi asi ku—kukwira kuya kwakareba sezvine hama iyi pano apo pachaka . . . Ruregerero. [Hama Branham vanatora mufananidzo—Mupepeti.] Iyi ndiyo nzira yaChakatanga kukwira, chichimhanya kuenda mudenga. Chaizvoizvo *ichi* chakanga chiri kudivi rekurudyi. Uye mose munorangarira kuti ndakati, “Ngirozi yaionekera ndiyo yacho yakataura neni, uye yakanga iri kudivi rekurudyi,” kuyange zvisati zvaitika. Munorangarira? Mapapiro ayo ainongedzera kumashure *zvakadai*. Aya ndiwo chaiwo mapapiro eNgirozi iya payakanga yave kukwira mudenga. Munoona, payakange . . . Saka vakatanga kutora mufananidzo nokuti chakanga chisinganzwisisike. Asi mufananidzo wekupedzisira, paChakazviumba pachezvaCho mumatenga nezvakadaro, hezvinoi izvi sezvazviri mu*Look* pano. Munoona makwiriro acho pavakangotanga kuchiona, munoona. Zvino hapo panouya mu—mufananidzo chaiwo wekupedzisira, pachakagadzirwa.

⁸³ Havazive kwachakabva kana kwachakaenda, nazvino havasati vaziva. Sainzi iri kukatyamadzwa kwazvo nokuda kwazvo, havazive zvakaitika. Asi tinoziva; “kuchava nezviratidzo kumusoro kudenga.” Tinozviziva. Maona? Uye Akavimbisa zvinhu izvi. Maona? Uye chinhu choga icho chakatenderwa kuti chitorwe . . .

⁸⁴ Zvino, tinongori vanhu vepano pamusha mangwanani ano. Kana ndakambokupai kunzwisisa hama kana hanzvadzi kwekuti ndiri muziva-zvose, ndapota ndiregerereiwo. Handireve kuti zvinge zvakadaro. Ndimire . . . ndigere pano mangwanani ano ndichitaura pamberi pevarume vanova vadzidzi, varume

vakangwara; ini—ini handina kudzidza, handikwanise kana kutodudza Magwaro angu zvakanaka. Ndine chitsauko chekuverenga mangwanani ano, ndicha...ndanga ndiri kuzokumbira imwe yehama idzi pano kuti indiverengere, nokuti handikwanise kududza mazita ari mairi, Makoronike Ekutanga 13, (kana mungazviita, Hama Jack, munogona kunge muri kuritsvaka), kuitira chidzidzo changu. Ini—ini handitombokwanisi kududza mazita ayo, ndiri kuvaita kuti vazviite, nokuti vanogona kuadudza.

⁸⁵ Uye ndinoziva kuti ndiri kutaura kune varume vakangwara. Asi, hama, zvinhu izvi zvinoitwa kuti musatarise pakusadzidza kwangu, asi tendai kuti ndiri kukutaurirai Chokwadi. NdiMwari vari kukutaurirai Chokwadi. Ndicho Chokwadi. Maona?

⁸⁶ Zvino, kana ndichitaura nezvemasangano, handisi kurevera kuti mune utsinye zvakadaro ne...Kwete, handisi kurevera kuti usaenda kukereke yako. Enda kukereke yako, ndizvo zvaunofanira kuita. Asi usangozvibanidza nemasangano, nokuti rimwe zuva ndichange ndichikuudza nokuratidza neMagwaro, kuti ndiwo munembo wechikara. Uye ingorangarira, ndiwo munembo.

⁸⁷ Ndiri kuparidza...Handaizviparidza mukereke yeHama Jack, vaindiudza kuti, “Endai mberi muzviite”; asi ndiri kuenda kutabhenakeri, ichange yakareba kuda maawa mana. Zvino chidzidzo changu ndechokuti, “Chikara pakutanga nechikara pamagumo, nemumuhwezva wenyoka.” Maona? Chinotora kuda maawa mana. Ndine Magwaro angu ose ari muhurongwa. Chikara kubva pakutanga, aive chikara mubindu reEdheni, ndiye chikara pamagumo, uye zvichiratidza kuti munhu wezvekunamata nesangano (akaita sangano); zvino ndokuuya nemumuhwezva wacho, uye nokuratidza neMagwaro kwamuri kuti ndicho. Ndakanga ndisingavzive kusvikira Mweya Mutsvene wakazvipa kwandiri pane rimwe zuva kumusoro uko.

⁸⁸ Zvino, mune izvi, ndakanga ndakatarisa izvi rimwe zuva, ndakamira, zvino chimwe chinhu chakati kwandiri...Ndakachitarisa, zvino ndakafunga...Hama Hickerson, mumwe wematirastii angu...kana madhikoni pakereke kuJeffersonville...Kana ndisingatendi kuenda kukereke, ko sei ndiine kereke? Takava nadzo kwese munyika yose, dzakabatanidzwa pane umwe usiku, munharaunda yoga-yoga yakapoteredza mamaera mazana maviri maiva neimwe yekereke yangu.

⁸⁹ Zvino, uyu—uyu mufananidzo, ndakanga ndakamira, ndakatarisa, zvino chimwe chinhu...ndakanga ndakamira mukamuri yangu. Chimwe chinhu chikati, “Itendeutsire kurudyi.” Ndakaterera.

⁹⁰ Ndinoziva kuti zvinoita sokunge munhu ane pfungwa dzakati pesanei zvisoma, asi, munoona, sokutaura

kwandakaita pane umwe usiku hwapfuura, zvinhu zvikuru zvose izvi ndezvedzidzo. . . Zvino, handisi kupikisana nazvo. Rangarirai, tinofanira kutumira vana venyu kuchikoro kuti vawane dzidzo nezvimwe zvakadaro, asi ndichakutaurirai pakare pano zvino, hapana chakanaka chainozovabatsira munyika iri kuuya, nokuti inenge yave imwe budiro, nenzira dzose iri pamusoro kwazvo peino. Budiro iyi haizombova kana. . . Inenge isina zvikoro mairi, inenge isina rufu mairi, munenge musina chivi mairi. Ino inazvo zvose; hazvina basa kuti tinobudirira zvakadini, rufu rwunowedzerwa rwuchiwedzerwa nguva dzose. Maona? Iyoyo inenge isina rufu. Asi iye zvino tinofanira kuva nezvikoro, tinofanira kupfeka nguwo, ti. . .

⁹¹ Ndanga ndiri kuzotaura mangwanani ano pamusoro pe*Edheni RaSatani* (vazhinji venyu mune tepi yacho), *Edheni RaSatani*. Agadzira rimwe bindu re*Edheni*, uye zvakamutorera zviuru zvitanzhatu zvemakore kurigadzira, sezvakaita Mwari raVo pakutanga. Mwari vakagadzira *Edheni raVo*, zvino *Satani* ndokurisvibisa. Iye zvino *Satani* akagadzira *Edheni* rake pachake, zvino Mwari vari kuzoriparadza (ndizvo chaizvo) zvino Voisa raVo.

Chimwe chinhu chakati kwandiri, “Itendeutsire kurudyi.”

Ndakafunga, “Ndinofunga kuti ndakaitarisa zvakana.”

Ndokuti, “Itendeutsire *kurudyi*.” Maona?

⁹² Ndakafunga, “Zvichida Inzwi iri riri kureva kuti ndiitendeutsire *kurudyi*.” Zvino pandakazviita, munoona kuti chii: *Musoro waKristu* waHofmann, pamakore makumi matatu nematatu. Pano, tarirai muno umu, munoona ndebvu dzaKe nhema, chiso chaKe, maziso aKe, mhuno yaKe, nezvimwe zvose. Munoona chikamu chemuvhudzi raKe pano chichibuda. Uye akapfeka wigi iya wigi chena yeNgirozi kuratidza kuti Mharidzo yokuti iYe ndiMwari ndeyeChokwadi. Ndiye Mutongi Mukurusa wematenga, Mwari Mukurusa weDenga nenyika. Iye ndiMwari, uye hapana zvimwe kunze kwekuva Mwari. NdiMwari vari kuratidzwa muchimiro chemunhu chinonzi Mwanakomana waMwari, nokuti Mwanakomana aiva Munhu. Zvino kana izvozo zvisingaiti kuti Mharidzo yedu inge iri yechokwadi nemazvo: ichiziviswa neGwaro, ichiziviswa mushumiro, ichiziviswa neHupo hwaKe, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Nokudaro Zvisimbiso Zvinomwe zviya ndezveChokwadi, hama. Munogona kusawirirana nazvo, asi ingogara pasi ugozvinzvera nemoyo wako wakazaruka pane imwe nguva, ingogara Mweya Mutsvene ukutungamire kubva. . .

⁹³ Pano, apo Hama Jack. . .Ndakavafonera ndisati ndazviparidza ndokutaura navo pane imwe nguva pamusoro pe “Chii chaiva wigi chena?”

⁹⁴ Vakati, “Zvakanaka, Hama Branham, ndinotaura kuti ndeapo mune aKe...mushure merumuko rwaKe mumutumbi waKe wakabwinyiswa.” Ndakanga ndiri kutaura neHama Jack. Uye pane...handizive mumwe munhu panyika wandingavimba naye zvachose padzidziso dzavo dzebhaibheri nezvimwe sezvandingaita seHama Jack Moore neHama Vayle, uye nevarume vakaita sa—saivava, vadzidzi chaivo vebhaibheri vakaverenga mhando dzose dzemabhuku nemaonero akasiyana kubva kune zvose. Zvakanaka, asi, munoona, kunyangwe naizvozvo, uye iri shamwari yangu yepamoyo, handi—ndi—ndina kukwanisa kuzvigamuchira, paive nechimwe chinhu ipapo chakangoramba kuzvitambira.

⁹⁵ Uye zvino pawakauya, uyu, ndipo pandakaona zvazvaive. Hedzinoi ndebvu dzaKe nhema. Muri kuZviona, ndinofungira kudaro. Maona? Ndebvu dzaKe nhema nevhudzi dema, maziso aKe, mhino, nezvose, zvakanyatsokwana, kunyange chikamu chevhudzi rake chichiuya nekudivi iri. Iye ndiMwari! Maona? Uye ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye iri imagazini re*Look*...kana kuti magazini re*Life*. Ndinofunga kuti iri ndiro...Ndakanganwa kuti nderarinhi zvino; o, Chivabvu 17, 1963. Ndipo parakabuda, kana pane anoda magazini racho. Ndiro rimwe chete rine mufananidzo waRockefeller nemudzimai wake—wake kumashure kwaro. Zvino iri ndiro magazini idzva re*Science* kuti “chichiri chakavanzika.”

⁹⁶ Zvinhu izvi ndazvitaurei? Kuti zvigokupai kamwe kamaonero kezvinhu zvatiri kuedza kutaura, kuti Mwari vanoziyiswa zvose mumatenga nepasi kuti vakarurama. Izvi zvekunzvera, zviratidzo, tine zvokutevedzera zvakananda, tinazvo nguva dzose. Asi rangarirai, pasati pava nedhora renhema, panofanira kuva nedhora rechokwadi kutanga; kutanga panofanira kuva nedhora rechokwadi, zvino anozogadzirwa kubva pane iroro. Sezvatakangovawo naMosesi wechokwadi naAroni wechokwadi, zvino takazova naJani naJambure mushure mavo. Muri kuona kuuya kwazvinoita zvose? Vanozviona zvino voedza kuzvitevedzera, apo panenge paine chepakutanga chechokwadi *chacho*. Ndzivo chaizvo. Ndisiri kuzvitaurea kuti ndikuvadze kana kuderedza, kana kuisa chimwe chinhu pasiri ipo, asi kungoitira Chokwadi; kuziva kuti ini...

⁹⁷ Ndave kuva munhu akwegura, uye ndinoziva kuti nguva yangu yave pedyo. Kana Jesu, akanonoka, ndinogona... kukwanisa kugara kwechinguva; asi ndinoziva kuti rimwe zuva moyo uyu ucharova kokupedzisira, zvino ndave kupinda muzikamuri guru, rakasviba rinonzi rufu. Asi kana zvasvika, handidi kuva nechimwe chinhu chokutsvaka zvakare kumashure, kuti ndiedze kuchitendeuka. Ndinoda, kana ndasvika panguva iyi, kunge ndakachena ndisina

kusvibiswa nyenasha dzaMwari. Ndinoda kuzviputira nehanzu dzeukurama kwaKe, pandinopinda imomo, ndiine chinhu chimwe chete ichi mupfungwa dzangu: ndinoMuziva musimba rokumuka kwaKe; uye paAnodana, ndichamuka kubva kune vakafa ndonogara naYe nokusingaperi. Ndicho chinangwa changu pano zvino kuedza kuita kuti munhu wese...kwete kushandura dzidziso dzenyu dzebhaibheri kanawo zvimwe, asi kuwedzera kutenda kwenyu muvimbiso yaMwari yezuva rino.

Zvino ngatinamatei:

⁹⁸ Mwari Vanodikanwa, tiri vanhu vari kutenda mangwanani ano, asi zvakadaro, Ishe, tiri kurarama munyika ine rima iyo...Hapana kana mumwe wedu ari pano mangwanani ano, Baba, asi anonzwa kuti ti—tinoda kufamba tiri pedyo neMi, tinoda kubata kweNyu kuya—kuya muhupenyu hwedu kunotiita kuti tive takapfava nokutiita vanyoro kuitira kuti Muzogona kutishandura chero nguva zvayo, motiumba kuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Ndicho—ndicho chinangwa chedu pano, Baba, ndiro—ndiro donzvo rangu roga randinaro kuedza ku—kurarama pamberi peNyu uye nokutora Shoko reNyu nokuRitaurazve zvakare kune varume nemadzimai kuti... kwete kuva munhu akasiyana asi kuedza kuremekedza iYe uyo akandipa Upenyu. Zviitei, Ishe.

⁹⁹ Dai pakasava nemumwe munhu pano nhasi... Kana kuti—kana kuti dai... Takabatanidzwa mangwanani ano, munyika yose, zvakare. Dai pakasava nemumwe munhu ari muruzha rweinzwi redu kuti zvisaitike kuti apinde mukamuri huru iya asingaKuzivei musimba reNyu rekumuka kune vakafa. Kana paine vatadzi pane imwe nzvimbo munyika ino, avo... kana muchivakwa chino, odhitoriyamu ino huru, vagere muno mangwanani ano. Kana paine avo vasingaKuzivei, dai rino rava zuva iro hana yavo ichazunguzwa, ichapeputswa, uye vozocherechedza kuti havazive nguva iyo yatinozodanwa kana kuunzwa kuzopindurira hupenyu hwedu, kuMusoro. Zvino kana zita redu richiri pabhuku regunde, tinenge tichizoparara; asi kana riri muBhuku reHupenyu reGwayana, Hupenyu hwemazvirokwazvo, zvadaro tinoponeswa.

¹⁰⁰ Uye dai, Ishe, apo Hupenyu huri kufamba kubva mutsuri huchipinda mumukume, huchipinda muchikwande, zvadaro hwozoenda mutsanga, apo patiri kupfuura mangwanani ano kana paine humwe Hupenyu hunopinda mumbeu yakarara shure mugunde, iburitsei kunze nhasi, Ishe, dai hwatevera kufamba kwembeu, nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

¹⁰¹ Ndine urombo nokutora nguva yakawanda zvakadai. Ndanga ndakanganwa kuti usiku huno tiri panguva yeredhiyo kunze uko, nguva yefoni.

¹⁰² Zvino ngatizarurei patiri kuverenga. Zvino Hama Jack, mune Bhaibheri renyu ipapo here? Apo pandiri kutsvaka

Gwaro rangu, ndichakumbira Hama Jack kuti vaverenge Gwaro iri nokuti handikwanise kududza mazita aya. Zvakanaka. NdiMakoronike Ekutanga 13. [Hama Jack vanoti, “Chitsauko chose?”—Mupepeti.] Uh-huh.

[Hama Jack Moore vanoverenga Makoronike Ekutanga 13:1-14—Mupepeti.]

[*Zvino Dhavhidhi akarangana navakuru vezviuru navamazana, navatungamiriri vose.*]

[*Dhavhidhi akati kuungano yose yaIsraeri, Kana imi muchiti zvakanaka, uye kana zvichibva kuna JEHOVHA Mwari wedu, ngatitume shoko kwose kuhama dzedu, dzakasara munyika yose yaIsraeri, nokuvapisita navaRevhi vari mumaguta avo anamafuro, kuti vaungane nesu.*]

[*Uye tidzosereze Areka yaMwari wedu kwatiri: nokuti hati—tina kuirangarira pamazuva aSauro.*]

[*Ungano yose ikatenda kuzviita: nokuti chinhu chacho chaive chakanaka mumaziso evanhu vose.*]

[*Zvino Dhavhidhi akaunganidza vaIsraeri vose, kubva paShihori irwo rukova rweEgipita kusvikira pavanopinda paHamati, kuti vatore areka yaMwari paKiriatiyearimi.*]

[*Dhavhidhi akakwira, iye navaIsraeri vose, vakaenda Bhaara, ndiro, Kiriatiyearimi, raiva raJudha, kuzotorapo areka yaMwari iye JEHOVHA, agere pakati pamakerubhi, pavanonamata Zita rake.*]

[*Vakatakura areka yaMwari pangoro itsva vakaibvisa paimba yaAbhinadhabhu: Uza naAhio vakafambisa—vakafambisa ngoro.*]

[*Dhavhidhi navaIsraeri vose vakatamba pamberi paMwari nesimba ravo rose, nenziyo, nembira, nemitengeranwa, nengoma, namakandira, nehوامanda.*]

[*Zvino vakati vachisvika kuburiro raKidhoni, Uza akatambanudza ruoko rwake kuti abate areka; nokuti nzombe dzakanga dzagumburwa.*]

[*Kutsamwa kwaJEHOVHA kukamukira Uza, akamuuraya, nokuti akatambanudza ruoko rwake kuti abate areka: akafirapo pamberi paShe.*]

[*Ipapo Dhavhidhi akaora moyo, nokuti JEHOVHA akarova Uza: akatumidza nzvimbo iyo zita rinonzi Perezizuza kusvikira zuva ranhasi.*]

[*Dhavhidhi akatya Mwari nomusi uyo, akati, Ndingaisa areka yaMwari kumusha kwangu seiko?*]

[*Naizvozvo Dhavhidhi haana kuisa areka yaMwari kumusha kwaDhavhidhi, asi akaitsausira kumba kwaObhedhi-Edhomu muGiti.*]

[*Areka yaMwari ikagara pamhuri yaObhedhi—Obhedhi-Edhomu mumba make mwedzi mitatu. JEHOVHA akaropafadza imba yaObhedhi-Edhomu, nezvose zvaakanga anazvo.*]

¹⁰³ Maita henyu, Hama Moore, nokundiverengera Gwaro. Zvino, ndine urombo kuti handina kugona kuzviverengera pachangu, asi nda—ndanga ndisingagoni kuzviita.

¹⁰⁴ Iye zvino ndinoda kuti muzarure pamwe chete neni kuna Marko 7:7, zvino tichaverenga ndima dzokutanga nomwe dzaMarko chitsauko 7.

Zvino vaFarise, navamwe vavanyori vaibva Jerusarema, vakaunganira kwaari.

Zvino paakavona vamwe vavadzidzi vake vachidya namawoko ane tsvina, ndokuti, asina kushambwa, vakawana mhosva.

Nokuti vaFarise, navaJudha vose, havadyi kakawanda...vasina kumboshamba mavoko kwazvo, vachichengeta—vachichengeta tsika dzavakuru.

Kana vadzoka kubva kumusika, havangadyi, vasina kumboshamba. Nezvimwe vuzhinji zvaka—zvavaka...zvavakanga vagamuchira kubva...vagamuchira kuti vazvichengete,...kusuka mikombe, nekwehari, nemidziyo yendarira, nematafura.

Ipapo vaFarise navanyori vakamubvunza vachiti, Vadzidzi venyu vanoregeiko kufamba netsika dzavakuru, zvanodya chingwa namawoko asina kushambwa?

Akati kwavari, zvakanaka Isaya wakaporofita kwazvo pamusoro penyu imi vanyengeri, sezvakanyorwa zvichinzi, Vanhu ava vanondikudza nemiromo yavo, asi moyo yavo iri kure neni.

Asi vanondinamata pasina, Vachidzidzisa sedzidziso iri mirairo yavanhu.

Ngatinamatei.

¹⁰⁵ Mwari Vanodikanwa, remekedzai Shoko reNyu zvino, uye dai Razadzikisa chinangwa chaRo. Tishandisei semudzziyo yekuRitaura, uye nezve dzedu kunzwa kubva kwaMuri, uye nemoyo yedu kuRigamuchira. Takumbira nemuZita raJesu, kuitira kubwinya kwaMwari. Amen.

¹⁰⁶ Zvino, chidzidzo changu kwechinguvana ndeichi...ini...

¹⁰⁷ Tiri pamubatanidzwa wemafoni enyika yose mangwanani ano. Uye ndinonzwisisa kuti shamwari yangu yakanaka, Roy

Borders, ari kuteerera kuno, ari mukushushikana kukuru maererano nezvanezuro manheru. Ndakanga ndakanganwa kuti takanga tiri paredhiyo...kana mubatanidzwa wemafoni uyu manheru apfuura. Roy, chero kupi kwauri, kana uri uko kuSan Jose mukereke ikoko, kana kungava zasi kukereke yeHama McHughes, kana chero kupi kwaungava, usatya, hama yangu, zvino zvose zvichaita zvakanaka. Gara wakadzikama, ingo... Achazvizivisa kwandiri, Roy; usanetseka, mwanakomana, iva nokutenda muna Mwari.

¹⁰⁸ Chidzidzo changu mangwanani ano ndechokuti: *Kuyedza Kuitira Mwari Basa Ikwo Kusiri Kuda KwaMwari*. Zvino, uyu musoro wechidzidzo usinganzwisike, uye ndinotenda kuti Ishe vachazvizarura kwatiri iye zvino. Rangarirai, “Kuyedza kuitira Mwari basa ikwo kusiri kuda kwaMwari.” Zvino, zvinoita sezvisinganzwisike kwazvo. Asi, mune izvozvi, pamwe Mwari vanokwanisa kutibatsira.

¹⁰⁹ Chimwe chinhu chandiri kuda kutaura mangwanani ano, kuti tiri kufara kuva neimwe shamwari yangu pakati pedu, shamwari yakakosha kwazvo, muchinda wechidiki. Vazhinji venyu vanhu vari paredhiyo zvino munogona...kana iyo... pamubatanidzwa wemafoni, munoziva kuti ndiyani. Nhasi izuva rokuzvarwa kwake, makore makumi mapfumbamwe nematatu okuberekwa, Hama Bill Dauch vagere pano pamberi pangu, makore makumi mapfumbamwe nematatu okuberekwa.

¹¹⁰ Makore akawanda apfuura chiremba akati, “Havachakwanisa kurarama.” Ndichangobva kuvacherechedza vagere pano zvino. Vaive pasi petende remweya wekufema nawo, zvino mudzimai wavo akaisvonaka akandifonera ndokuti, “Hama Branham, kana muri munotarisa kuona shamwari yenyu yakare, Bill, ari mupenyu, chitouyai iko zvino.”

¹¹¹ Zvino ini... Rimwe rematayi angu rakachekwa neparutivi, vhiri rangu rakanga rakuvadzwa, zvino ndakabvarura rimwe tayi kubva pamotokari yangu ndichiedza kuti ndisvike kwavari. Ndakanga ndiri kungobva panzvi—nzvi—nzvimbo, panzvimbo panodirirwa peturu, zvino ndichibva muimba yekuzvibatsira pandakanga ndamira muOhio ndiri kuedza kuenda kwavari, zvino ndichingobuda ndakaona chiratidzo. Zvino hepanoi paive pakamira Hama Dauch, vakamira muhechi vakatambanudza ruwoko rwavo; chakashanduka, zvino ndakakuonai muchiuya muchidzika nemugwagwa ndokugwinha ruwoko rwangu chishanu. Ndokuti, “Enda unomuudza, ‘ZVANZI NAJEHOVHA.’”

¹¹² Vaiva nemakore anenge makumi mapfumbamwe okuberekwa panguva iyoyo. Vakanga vabatwa nemoyo wakanga wavhara, pamwe chete nemoyo wakanga wakundika zvachose. Chiremba aiva nehungwaru kwazvo. Murume wacho haasi... iye haadi... Kwete, handizvitaure. Anongori munhu ane mari

yokukwanisa kuwana chero upi hake chiremba waanoda. Akanga aine mumwe chiremba wechiJudha akanaka kwazvo uyo akasangana neni panzvimbo yemukati zvino ndokuti kwandiri, “Hapana kana mukana wekuti ararama.”

¹¹³ Zvino ndakaenda ndokupfekenyedza ruwoko rwangu pasi petende remweya wekufema, ndikati, “Bill, uri kundinzwa here?” Iye akagutsurira musoro wake. Ndikati, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Hausi kuzofa iko zvino.’”

¹¹⁴ Svondo rimwe chete kubva ipapo, pandakapinda mupurupiti kuti ndiparidze Mharidzo yangu, hepanoi Hama Dauch vakauya vachifamba nemuchivakwa. Zvino pandakaenda kwaFurr’s Restaurant, mhiri...Ndinoreva paBlue Boar, iri mhiri muLouisville, hepanoi vakanga vari kubuda mumotokari, ndokuuya vachidzika nemugwagwa, vakatambanudza ruwoko rwavo; zvingori chaizvo zviri maererano neShoko raMwari. Uye ave makore matatu kana mana apfuura; zvino hevanoi pano pavagere zasi kuno chaiko, muShreveport (vanopfuura nemunyika, kwete nendege, nemotokari) uh-huh, vagere muno mangwanani ano. “Makorokoto ezuva rekuzvarwa, Hama Dauch.” Zviri kubva munyika yose, kubva kwese-kwese. “Mwari vakuropafadzei!”

¹¹⁵ Ndakavabhabhatidza, mushure mokunge vari mutrinitariani, ndakavabhabhatidza pavakanga...vari pane mumwe musangano wangu wekutanga, apo Hama Banks Wood vakatozovapa hanzu dzavo (ivo murume ane mumhu wakakura, sokuona kwenyu), zvino vakapinda muchidziva ndikavabhabhatidza pamakore anenge makumi masere nemashanu kana makumi mapfumbamwe okuberekwa, muZita raIshe Jesu. Vanoti havana kumbobvira vakwanisa kunzwa zvakanaka kusvikira vawana chengetedzo mune chimwe chinhu. Zvadaro vakawana zuva rokuberekwa uko kwavasingazofi vakachembera. Ndizvozvo chaizvo, Nyika iya huru. Naivowo vari kutotarisisira kurarama kusvikira pakuona Kuuya kwaShe; zvinogona kuitika. Asi kana vari vazovata, ivo...uye isu takasvinura panguva iyoyo, vachauya kutanga. Ndizvo. Saka, Hama Dauch, hapana nzira yekuzvipotsa. Muri mugwara chairo. Garai ipapo, hama yangu, uye Mwari vakuropafadzei. Uye ndinotenda Ishe nokuda kwemunhu akanaka akadai, uye nokumupa makore ose aya.

¹¹⁶ MuBhuku reMakoronike, “Kuyedza kuitira Mwari basa ikwo kusiri kuda kwaVo.” Mwari vanozvitonga vega, kutanga, tinoda kuzvinzwisisa izvozvo. Vanhu nhasi vari kushaiwa kuziva kuti sei tisiri kugona kuva nerumutsiro. Munotenda here kuti Mwari vanozvitonga vega? Munoono, Bhaibheri rinotaura nenzira iyoyi.

¹¹⁷ Uye tinoedza...Pandanga ndiri kukurukura neboka rehama dzangu dzakanaka, hama dzechibaptisti, nguva shoma

yapfuura, zvino vakati, “Hama Branham, tinongokwanisa bedzi kuva nerumutsiriro kana tikatora Shoko, shoko rimwe nerimwe, peji imwe neimwe, vara rimwe nerimwe.”

¹¹⁸ Zvino ndikati, “Ndinotendawo zvakare, peji imwe neimwe.” Iye ndokuti...ndikati, “Vanga vari kuedza kuita zvakadaro nguva dzose.”

¹¹⁹ Akati, “Asi tinofanira kuwana dudziro yechiGiriki yeShoko, zvinotaurwa nechiGiriki.”

¹²⁰ Ndikati, “Handina kuverenga zvakanyanyisa, asi mukuverenga nhoroondo yekereke, neNicaea Council, uye nePre-Nicaea Council, neNicaea Fathers, nezvimwe zvakadaro, vaiitirana nharo kareko pamusoro pechiGiriki. Ave makore zviuru zviviri zvakapfuura. Mumwe akati, ‘zvinoreva *zvakati*,’ uye mumwe anoti, ‘zvinoreva *zvokuti*. Shoko rechiGiriki rinoreva *zvakati*.”

¹²¹ Sezvakangoita mutauro wedu; shoko rokuti *kuona*. Shandisa shoko rokuti *kuona*, unogona kureva “nzvimbo ine mvura yakawanda, ndinonzwisisa kudaro,” kana zvinhu zvakawanda. *Bhowa*, zvinogona kureva, “kuboora mwena, kumbofamba-famba,” kana—kana “wandibhowa,” kana kuti “wandibhadharira pokugara,” kana kuti zvinogona kureva chero...zvinhu zvakawanda. Zvino mavara maduku iwayo, nezvakadaro, anoshandura zviru kurehwa zvachose. Saka hauzombozviiti saizvozvo. Mwari vakaRinyora saizvozvo, nokuti...

¹²² Uye Shoko rose rakafemerwa, uye Akataura kuti, “NdinoKutendai, Baba, Makavanza zvinhu izvi kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye nokuzvizarura” (ameni) “kuvacheche avo vanokwanisa kudzidza.” Chizaruro chaKe, sokutaura kwandakaita usiku hwapfuura, “AchaZvizarura kuvacheche.”

¹²³ Ndakati, “Hazvimboshandi, changamire.” Ndikati, “Rumutsiriro harwumbofi rwakauya kusvikira Mwari, Mwari vanozvitonga voga, varwutumidzira; uye zvadaro Vanokwanisa kutora kamwe kamunhu kasina basa zvako kasingambogoni kusaina zita rako, zvino wozviita naiyeye, uyo asingagoni kana Chirungu chakanaka ko kuzoti chiGiriki.”

¹²⁴ Ndizvo zvaVakaita munguva iyo Petro akaparidza paPentekosti, munoziva, akanga asingagone kana kusaina zita rake, asina chaanoziva uye asina kudzidza. Asi Mwari vanoita zvinhu nenzira isinganzwisisike kumafungiro edu enjere. Ndizvo zvinoita kuti ave Mwari. Dai Vaitora boka revadzidzi vebhaibheri nevaremekedzwa, nevamwe vakadaro, vaizoti, “Kaifasi uya akangwara, munoona, akanyatsozviita nemazvo.” Asi Mwari vakadzika zvino ndokuwana varauri vehove vakanga vasingagone kana kusaina zita ravo, zvino ivavo ndivo vaVakatora. Ndivo Mwari, Vanotora chimwe chinhu

chisina basa vagogadzira chimwe chinhu kubva kwachiri kuti iVo Vagokudzwa. Vakatora nyonga-nyonga ndokugadzira Edheni. Uh-huh, ndiMwari.

¹²⁵ Zvino, kana paine munhu ane hurongwa hwezverumutsiriro, ihama yedu inoremekedzwa, Billy Graham. Asi hurongwa hwakanaka, asi hurongwa haurwufambise, zvinotora simba rinofambisa kuti rwufambiswe. Unogona kugadzira motokari, woisa zvigaro zvakanaka mairi, wogadzira mapistoni akanaka uye—uye woratidza nesainzi zvainogona kuita; asi kunze kwekunge simba rinofambisa riripo, inongori chinhu chakafa.

¹²⁶ Saka, murumutsiriro rwekuWales, rumwe rerumutsiriro rvedu pasati pava nerwePentekosti, hapana anoziva kuti chii chakatangisa rumutsiriro urwu, raingova boka revanhu.

¹²⁷ Zvino, kana tichinge tawana zvose ...shamwari yedu, Billy Graham, achawana maPresbyteriani ose, nemaLutherani, nemaPentekosti, nezvose pamwe chete, opinda muguta zvino imomo vova negungano guru rezviuru vari pamwe chete, uye zviuru makumi matatu anouya (mumasvondo maviri) zvino vopa moyo yavo kuna Kristu; ukadzokera mamwe masvondo maviri unenge usina kana mumwe chete. Munoono, ndiwo hurongwa. Asi rega Mwari munyasha dzaVo dzinozvitonga vangotaura nekamwe kamupengo, sokutaura kwatingaita, kamwe kamunhu kasingazivikanwe; vorega Mweya waVo uchiwira muguta zvino varume vanotadza kuenda kubasa, madzimai vanotadza kusuka ndiro, musikana webasa anotadza kuwaridza mubhedha, vachidanidzira nokuchema vakasimudza mawoko avo mudenga. Ndirwo rumutsiriro, rwuri mukuda kwaMwari.

¹²⁸ Zvinonzi vamwe varume varemekedzwa vanobva mukereke vakaenda kuWales kuti vanonzwisisa, kana kuti kunoongorora kuti hurongwa hwakadini hwaive murumutsiriro, munguva yerumutsiriro rwaive kuWales. Zvino pavakaburuka vachibva mungarava vakapfeka nguwani dzavo refu, nemakora avo edenderedzwa; ndokuona, kuchiuya kudzika nemugwagwa, mupurisa muduku, achivheyesa-vheyesa tsvimbo yake sezvizi, achiridza muridzo; vakati, “Munhu wangu akanaka, ungandiudzewo here kune rumutsiriro rwekuWales?”

¹²⁹ Akati, “Hongu, hama dzangu, makamira pakati parwo!” Uh-huh, uh-huh, uh-huh. Akati, “Nzwisisai, *ini* ndini rumutsiriro rwekuWales,” ndokuti, “nokuti rumutsiriro rwekuWales rwuri mandiri.”

¹³⁰ Ndiko kuzvitonga! Ndizvo zvinoitwa naMwari, uye ndiYe oga ane kodzero yekutumira rumutsiriro. Kwete kuisa hurongwa pamwe chete, kunamata kuti Mwari vatumire simba rinofambisa—simba rinofambisa.

¹³¹ Vanongozarura bedzi Shoko raVo mune vakafanotemerwa. Zvino, kana ndikashandisa shoko rokuti *kufanotemera*... Zvino, ishoko risina kunaka kushandisa paruzhinji,

kunyanya kana tiine gungano revanhu vakasangana pakati pemaArminiani nemaCalvinisti. Uye kwete...Ndakukumbirai kuti musafunge kuti ndinoZviziva zvose, asi vari vaviri vakakanganisa paRugwaro. Nyasha ndizvo zvakaitirwa naMwari, mabasa ndiwo andinoVaitira. Maona? Zvadaro zvino waZvibata. Kana ukakwira pane rimwe remapazi aya, zvirokwazvo unozozviwana wave kumagumo ebazi iri uye usisagone kudzokera. Bhuku revaEfeso rinozvidhonzera pamwe chete, ndinofunga.

¹³² Zvino, asi shoko, pandinorishandisa, *kufanotemerwa*, musafunga kuti ndiri...ndiro shoko roga randinoziva kuti ndigo—ndigogadzira...Kufanoziva kwaMwari, munoono, kwaVakafanoziva. Ivo—Ivo havakwanise kuti...Va—Vakafa kuti vose vagoponeswa, Vakazviita, asi nokufanoziva kwaKe Akafanoziva uyo aizozviita neaisazvozviita. Maona? Ndizvo zvaVanoziva, ini handizvizive uye iwe hauzvizive, saka tinoshingairira ruponiso rwedu pachedu nokutya nokudedera.

¹³³ Zvino, asi Mwari vane Shoko raVo riri muhurongwa, uye zvakadaro mumazera ose. Kufanoziva kwavo kwakaVaita kuti vagadze mukereke, uye nemuvanhu, zvimwe zvinhu zvaVakaita kubvira pakutanga. Zvino Evhangeri inenge iri kuparidzwa kuzera *iroro* inongozarurwa bedzi kumhando iyoyi yevanhu, vamwe vose havalone. Maona? “NdinoKutendai, Baba Mavanza zvinhu izvi kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, ndokuZvizarura kuvacheche vanogona kudzidza.” Munoono, ndiko kufanotemera. Kwete kuti Vakazviita sokuti, munoti, “Ndichasarudza iwe, uye ndorega kusarudza uyu.” Nekufanoziva kwaVo, Vaiziva zvawaizoita.

¹³⁴ Nokuti iVo havana magumo...Munotenda here kuti haVana magumo? Kana Vasina kudaro, haVakwanise kuva Mwari. Zvadaro, munofunga, nokuti havagumirwe: Vaiziva nhata yose yaizenge iri panyika, uye kuti kangani apo nhata idzi dzaizobwaira meso adzo, uye kuti nhata imwe neimwe ine mafuta akadini, shizha rose reuswa rayaizogara pariri; ndiko kusagumirwa. Uye isu tinogumirwa, tinodzedzereka murima. Mwari vakatifananidza nemakwai, uye tinofanira kuva neMutungamiri. Uye Mutungamiri uyu haasi munhu, Mutungamiri uyu Mweya Mutsvene, Mweya waKristu pakati pedu. “Muchinguva chishoma nyika haizoNdioni zvachose.” Mutumbi waKe wakasimudzirwa kuChigaro cheushe chaMwari, apo *paimbova* neMweya uri paChigaro choushe; iye zvino Kristu ari paChigaro choushe, Jesu. “Muchinguva chishoma uye nyika haizoNdioni zvachose, asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi kusvika kumagumo enyika, kunyange mamuri.” Chigaro choushe chaMwari, chaKristu, chakavakirwa mumoyo mako; uye Agere muChigaro choushe chaMwari, asi muMireniyamu Anogara muChigaro chaKe choushe pachaKe; apo, Akapika kuti Aizosimudza Murume uyu, Mwanakomana

waKe, Mwanakomana waDhavhidhi, kuzogara paChigaro chaKe choushe.

¹³⁵ Zvino, Anozarura zvinhu izvi nokufanoziva kwaKe kune avo vaAkafanotemera kuzvinhu izvi, kana zvisina kudaro havaZvione. Vanonyatsomira ipapo, vakanytsoZvitarisa, uye votadza kuZviona.

¹³⁶ Vangani vakamboona mufananidzo wemhou iri mugwenzi, yaunofanira kutarisa ugotarisa? Makamboiona here iyoyo? Kana, kuona mufananidzo waKristu ari mugwenzi, kana muchadenga, kana mumakore? Munooona, mupendi akanyatsoigadzira kusvikira unofanira kutongoitarisa neimwe nzira. Saka, zvino, kana ukangozoiona, hauzombooni zvimwezve kunze kwaiyoyo. Nguva yose paunotarisa, heyoka iyo. Vangani vakamboona mifananidzo iyoyo? Zvakanaka, chokwadi makadaro.

¹³⁷ Saka, ndizvo zviru Kristu, pachaKe, Evhangeri, Mharidzo zvairi. Kana ukangoona bedzi Mharidzo yenguva, hapana zvimwe zvakare zvaunogona kuzoona kunze kwaYo. Ndizvo zvoga. Zvimwe zvinhu zvose zvapfuura, zvose zvasara ndezvekungozadzikisa, munooona, munooona, kana uchinge waona Mharidzo!

¹³⁸ Ndizvo—zvaive munguva yaNoa. Apo Noa neboka rake. . . munooona sei. . . Pavakaona Mharidzo, zvimwe zvose zvakashaya basa. Apo boka raMosesi parakaIona, zvimwe zvose zvakashaya basa. Apo boka raJohane parakaIona, zvimwe zvose zvakashaya basa. Apo boka raJesu parakaIona, zvimwe zvose zvakashaya basa. Apo boka revaapostora parakaIona, zvimwe zvose zvakashaya basa. Apo boka raLuther parakaIona, boka raWesley parakaIona, boka rePentekosti parakaIona, zvimwe zvose zvakashaya basa, vakabuda kubva mune zvose. Sei? Nokufanoziva kwaKe Akafanotemera zvinhu izvi kuti zviitike.

¹³⁹ Anosarudza munhu waKe pachaKe nokufanoziva kwaKe. Sokutaura kwaAkaita muna vaRoma 8 pano, kuti Isau. . . kuitira kuti—kuitira kuti kusanangura kwaMwari kuve kwemazvirokwazvo. Kutu Isau naJakobho vari vaviri vakabarwa nebabereki vatsvene, mapatya, kuitira kusanangura kwaKe kumire zvemazvirokwazvo nemuzvokwadi, Akati, “Ndinovenga Isau, uye ndinoda Jakobho,” pasina kana mumwe wevakomana ava akanga aberekwa. Maona? Anoziva zviru mumunhu, Anozviva kubva kumavambo zvazvainge zviru, nokudaro Anokwanisa kuita kuti zvinhu zvose zvigonyatsoitika munguva yazvo chaiyo. Tinosvika pakuhuta-huta nekunetseka; haumboMuoni achinetseka. Havadaro. . . Maona? Zvinhu zvose zviru kufambirana zvakanaka, nemazvo, nguva iri kufamba.

¹⁴⁰ Zvinhu izvi zviru kufanira kuitika, madzimai ose aya ane vhudzi pfupi, uye nevarume ava vane ravo. . . sokunge vane vhudzi seremadzimai avo. Ndinovaona, zvirokwazvo, vane

maroller anopendera muvhudzi ravo, voripendera mudenga pano pamberi. Kutsveyama kwakadini! Ndizvo zvbereko zveEdheni raSatani. Uye nokuita somudzimai: ari kuedza kudimbura vhudzi rake seremurume wake; murume wake ari kurega vhudzi rake richikura seremudzimai wake. Uye mudzimai ari kupfeka hanzu dzemurume wake, zvino iye ari kupfeka hanzu dzemudzimai dzemukati. Munoono, hezvoka izvo. Mudzimai ave kuita zvechirume, uye murume ave kuita zvechikadzi. Munoono, iEdheni raSatani, zvichipesana nemagadzirirwo azvakaitwa naMwari pakutanga. Ndicho Chokwadi.

¹⁴¹ Kana ndikaratanga, hatizopindi mune izvi. Asi zvinhu izvi, uye nenzira yaAnofanira kuzviita, uye kuti ndiyani achazviita, iyoyo inzira yaaKazvisarudzira pachaKe, Anosarudza. Ndiyo nzira yaAnoda kuti zviitwe.

¹⁴² Sokunzwa kwandakaita Hama Peary Green, mufundisi wedu kuTucson, vachiparidza pane umwe usiku pamusoro pokuti Mwari vakagadzira zvinhu neimwe nzira (ndakanganwa kuti chidzidzo chake chaive chokuti kudini), asi vakati, “Ndiyo nzira Mwari yavanozvida, ndiyo nzira iyo Mwari yavanozviita.” Saka, ndizvo chaizvo.

¹⁴³ Zvino, ndiyani pakati pedu achaMuudza, “Akakanganisa”? Ndiyani angaita zvivindi zvokumira pamberi pechiso chaMwari, zvino oti, “Makakanganisa, Ishe, Munofanira kuzviita nenzira yandinoda kuti zviitwe, nzira iyo Chiremba *Nhingi-nhingi* akati zvinofanira kuitwa”? Ndiyani uyo warasika zvakadaro mupfungwa dzake, kutaura chinhu chakadaro? Kwete, haungagoni kuuya uchizvitauro, asi unozvifunga!

¹⁴⁴ SepaMharidzo yangu ya*Antikristu*, “Pachasimuka vanakristu venhema.” Zvino, haAna kuti *vanaJesu* venhema. Munoono, hapana munhu angamirira kudanwa kunzi “Jesu,” zviru mudunhurirwa raIshe. Asi *vanakristu* venhema zvinoreva “vazodziwa.”

¹⁴⁵ O, ivo, mumwe nomumwe anofunga kuti ane chizoro, “Kubwinya kuna Mwari, anokwanisa kuita *ichi* nekuita *icho!*” Asi muise pakuyedzwa neShoko zvino woona kuti anozogumirepi, munoono, Mharidzo yenguva.

¹⁴⁶ Vaiva nechizoro munguva yaJesu, asi kwete paAri.

¹⁴⁷ Vaiva nechizoro munguva . . . Kunyange Dhatani akanga aine chizoro munguva yaMosesi. Akati, “Iye zvino, usafunga kuti ndiwe mutsvene wega pakati pedu, Mwari vane vakawanda. Tichatongotanga sangano pano, boka revarume.”

¹⁴⁸ Mwari vakati kuna Mosesi, “Zvipatsanure kubva kwaari,” zvino Vakazarura nyika ndokuvamedza. Vakanga vapa Shoko raVo repakutanga kunaMosesi, Muporofita waVo; ndiyo nzira yoga yaVakambozviita nayo, uye nzira yoga yaVachazvozviita nayo. Havashandure zano raVo, munoono.

¹⁴⁹ Saka mazano edu akatsveyama, mazano aVo akanaka, nguva dzose. Uye usaedza kuVataurira kuti iVo “vakanganisa.” Hazvina basa kuti ndiyani watinofunga kuti ndiye akanyatsokodzera, handisu tinotaura kuti ndiyani akanyatsokodzera. Zvino, ipapo ndipo pamunopinda musangano.

¹⁵⁰ Imwe hama duku yakazadzwa neMweya Mutsvene inoenda mune rimwe guta zvino yovaka rimwe sang-...vounganidza bo—boka rakanaka revanhu. Zvino pamusangano wemachechi vanosangana, zvino hama dzose tsvene dzinowirirana, munoziva, zvino voti, “Munombozivei? Ndinotenda kuti *Jones* muduku pano,” (anongori mumwe muduku pakati pavo) “ndinofunga kuti anofanira kuva netabhenakeri iya huru yakanaka, ndinofunga. Hamufunge here kuti ndizvozvo?” Kwete, ini zvangu. Hezvoka atoenda. Zvino unganano inoparara. Maona? Patsanura ava! Mwari ndivo vanopatsanura, iVo ndiVo Vanozviiita. Asi ivo vose, mumwe nomumwe, anoda kutora *uyu* muduku, womuisa nechekuno uku, uye *uyu* zasi kuno uku. Ipfungwa yemunhu.

¹⁵¹ Munhu ane makiyi, asi chaizvo Mwari ndivo vakabata makiyi. Vakapa vadzidzi, kereke tsvene, makiyi; zvino tarisai kekutanga pavakaishandisa, apo Judhasi akanga awa kubudikidza nokudarika. Vakauya pamwe chete ndokukanda mujenya; zvino hama tsvene. Ndiyani angati vakanga vasiri hama tsvene? Ndiyani anoti vakanga vasiri vatsvane? Asi vakakanda mujenya, zvino ndokuwira panaMatia. Zvino paaka...Chii chaakamboita? Hapana. Asi Pauro ndiye aiva musanangurwa! Amen. Ndiko kwaive kusarudza kwaMwari: mumwe muJudha muduku, ane munho yakakokonyara, aitsvinya, ane hashu. Kwete Matia, weD.D., munoziva, iye—iye akanga...NdiPauro. Mwari vakasarudza Pauro; kereke yakasarudza, ikasarudza Matia. Maona? Hauna kodzero dzekuudza Mwari kuti iYe “akanganisa.” Vanoziva zvokuita, Vanoziva kuti munhu wacho akagadzirwa nei.

¹⁵² Ndiyani angadai...Kereke iya yakasarudza Pauro? O, kwete, kana zvachose. Vakati, “Muchinda iyeye ndiye ari kutiisa tose mujeri.”

¹⁵³ Asi Mwari vakati, “Ndichamuratidza izvo zvaachatambudzikira nokuda kwaNgu.” Vanoziva zvinhu.

¹⁵⁴ Zvakanaka, zvisinei kuti ndiyani watinofunga kuti akakodzera, Mwari vanoziya akanyatsokodzera nokuti Vanoziya moyo wemunhu, Vanoziya.

¹⁵⁵ Kana rumutsiro, kana zvinhu izvi, hazvingoitiki panguva yatinofunga kuti zvinofanira kuitika. Tinofunga, “Ndeino nguva yacho iko zvino, kubwinya kuna Mwari!” Ndinooona mumisangano yedu nezvimwe zvakadaro zveveBusiness Men, “Pari kuuya iko zvino, hareruya, rumutsiro rukuru!”

156 Musanyengerwa, “Akatouya kare, uye vakaita kwaAri zvaive zvakanorwa.” Maona? Asi vanofunga kuti pane rumutsiriro. Rwuri kuiitika here? Kwete! Rwakaitika, rwakafa, rwakapfuura. Uh-huh. Cherechedzai, ino inguva yokugadzirisa marambi, kubuda kunze nokupinda mukati. “Avo vanomirira panaJehovha vachavandudza simba ravo.”

157 Cherechedzai pataverenga pano, cherechedzai Dhavhidhi, mambo weIsraeri, ndiye akawana chizaruro chokuunza areka yaMwari kuti idzokere kunzvimbo yayo; nokuti, havana kumbobvunzira areka mumazuva aSauro nokuti Sauro akanga adzokera shure. Saka havana kumbobvunzira areka zvachose, sungano, mumazuva aSauro, nokuti akanga adzokera shure zvino ndokubva panaMwari. Saka Dhavhidhi, nokukasika, nokufemerwa... Zvino cherechedzai izvi, chidzidzo chokuti unogona kunyengereka kana ukasachibata zvakanaka. Uye ndiri kunzwa kuti nguva iri kuuya apo patinofanira kuva varume panzvimbo yokuva vana. Uh-huh. Tinofanira kuva nyenya yakasimba panzvimbo yemukaka.

158 Cherechedzai Dhavhidhi, mambo weIsraeri, mambo akanga achangobva mukuzodzwa kuva mambo; kana kusarudzwa kuve mambo, Sauro... Samueri akamuzodza maererano nokuda kwaMwari; uye akanga ari zvezmazvirokwazvo mambo akasarudzwa naMwari, pasina kupokana pazviri. Zvino heunoi uyu pano, zvino kufemera kwamurova. Zvakazarurwa kuna Dhavhidhi. Akawana chizaruro, hapana mumwe munhu akanga ambotaura nezvazvo. “Handei tinotora areka, nokuti ndiko kuda kwaMwari kuti tive neareka kuno nesu, kuti tigobvunza Mwari neareka iyi.” Chinhu chakanaka kwazvo, kwazvo. Hamufunge kudaro? Zvakanaka.

159 Rangarirai, asi, iye ari mambo, zvino ndokuwana chizaruro, akadarikira nzvimbo yake. Paiva nemuporofita munyika ainzi Natani, ndiye akanga akatemerwa kuwana chizaruro. Kana paine chaida kutaurwa, Akati, “Jehovha havana chavanoita kusvikira Achizarurira kuvaranda vaKe muporofita.” Asi, munoono, Dhavhidhi ari mambo, aine chizoro paari... Zvino, iGwaro here? Chizoro chiri paari, zvino ndokuwana chizaruro chechokwadi; asi chakanga chakatsveyama: Nokuti Natani ndiye aive muporofita wezera iroro; zvino chizaruro hachina kuuya kuna Natani; zvino chizaruro pachakauya kuna Dhavhidhi, haana kana kumbobvunza Natani pamusoro pachu. Akanga ari kuzongoenderera mberi uye nokuita izvo zvaainge ari kuda kuita. Uh-huh.

160 Asi cherechedzai vakabvunzwa naDhavhidhi pano muchitsauko 13, “Asi akabvunza vakuru vezviuru nevemazana,” akadzokera kuungano yake. Maona? “Zvino, hamufungi here kuti tinofanira kuita...?” Handizvo. Zvino, akanga ari kuedza kuitira Mwari basa, asi akanga asina kugadzwa kuti ariite; munoono, nokuti Mwari vaiva nenzira yavo.

¹⁶¹ Zvakangofanana sezvo Mwari vaigona kunge vakataura nama—mambo pamusoro peronda nekupora kwake, asi haVana, Vakanga vaine nzira yakagadzwa yokuzviita nayo, yaive muporofita waVo. Saka Vakataura nemuporofita, Isaya, ndokumuudza kuti adzokere anotaurira Hezekia zvaizoitika.

¹⁶² Zvino, Hezekia akanga ari kutaura chiso nechiso naMwari, uye—uye Mwari vaigona kutaura naHezekia, ndizvo chaizvo, asi Vakagadzira dzimwe nzira! Mazvinzwisisa? Mwari vane nzira yaVo pachaVo yakagadzwa yokuita zvinhu: kutumira rumutsiriro, kureva, kutaura, chero zvazvingave zviri. Vane nzira yaVo yokunozviita nayo, uye isu hapana zvatiri kuVaudza maitirwo acho. Vanozviita nenzira inoVafadza kuzviita.

¹⁶³ Saka, munoona, Dhavhidhi, akafemerwa... Zvino, munorangarira ndakati, chizoro, chizoro chenhema? Rangarirai Mweya Mutsvene unokwanisa kuuya wozoda munhu, uye zvakadaro zviri kunze kwekuda kwaMwari. Pano, Zvinozviratidza ipo pano. Maona? Tinofanira kupfuura nemunzira yazvinoitwa nayo naMwari, kwete nzira dzedu, nzira yaMwari yekuzviita. Nokuti, Dhavhidhi, ari mambo, akazodzwa, akazodzwa neMweya waMwari paari (mufananidzo waJesu Kristu), asi rakanga risiri iro gwara raMwari.

¹⁶⁴ Uye ungoro yose, “zvakaVafadza,” Bhaibheri rakadaro. Cherechedzai, vakuru vezviuru nevemazana, nevaprisitawo zvakare nevadzidzi vebhaibheri vakafunga kuti zvakanga “zvakanaka kwazvo.” Hezvoka izvo zvikoro zvenyu zveBhaibheri nezvimwe zvose, vakafunga kuti zvaive “zvakanaka kwazvo.” Kunyange vanhu vose vakawirirana, nevaprisita, ne—nevamwe vose vakabvumirana kuti chizoro chamambo chakanga chakanaka. Cherechedzai! Asi Mwari vakanga vasina kuvimbisa kuzarura Shoko raVo mumwaka waRo *kwavari*. Mwari vaiva nenzira yaVo yokuzarura Shoko raVo, asi kwete *kwavari*. Rangarirai, zvaipesana naMwari.

¹⁶⁵ Zvakaita semumazuva aMikaya mwanakomana waMura. Munorangarira here nyaya iyoyo? Judha neIsraeri vakanga vakapatsanurwa, uye vakanga vaine humambo huviri hwakasiyana, zvino Ahabhu akanga ari mambo pamusoro pehumwe humambo. Uye Jehoshafati akanga ari pamusoro pehumambo—mambo hweJudha, ndinotenda ndizvo zvazvaiva; uye Ahabhu aiva pamusoro peIsraeri, Jerusalem.

¹⁶⁶ Cherechedzai, zvino kwakauya boka revatorwa ndokutora chimwe chikamu chenyika yakapiwa naMwari iyo Mwari vakanga vapa kuIsraeri, uye vaFiristia vava kumusoro kuno, kana kuti vaSiria, vakanga vakabata nyika iyi uye vakanga vari kutoriritira vana vavo kubva panyika yaiva yeIsraeri. Zvino saka vakanga vari kuda nyika iyi kuti vawanirwe vana vavo nemhuri dzavo chokudya. Mwari vakavapa... Idzodzodzokanga dziri kodzero dzavo dzavakapiwa naMwari.

167 Saka zvino Ahabhu akadanira Jehoshafati zasi ikoko, uye ndokuti, “Dzika zasi kuno.” Akati, “Tarira uko ugoona zviri kuitwa nemuvengi wedu. Zvakanakawo here kuti isu, vanhu vaMwari, vane kodzero yavakapiwa naMwari kuti tinofanira kuva nyenika iyi, ndeyedu, Mwari kubudikidza nemuporofita waVo, Joshua, akagoveranisa nyika ino, inofanira kunge iri yedu; ndeyedu, nekuvana vedu, uye hezvinoino pano makomunisti vaitora, zvino isu tine...Tine nzara zvikuru, uye vane kodzero dzedu dzatakapiwa naMwari. Haufunge here kuti tinofanira kuenda kumusoro ikoko zvino tonotora nyika yedu zvakare? Kana ukabatanidza mauto ako: kana imi maMethodisti, nemaPresbyteriani, nevamwe vose, nemaPresbyteriani, nemaLutherani, nevamwe vakadaro, mose motora ecumenical council pano zvino, tose tozogara pamwe chete, zvino tizonotora nzvimbo iyi.” (Ndiri kureva uye ndiri kutaura nemumufananidzo zvino.) “Tichaenda kunoitora.”

168 “Sei,” ndokuti, “zvirokwazvo, tose tiri vamwe.” Uh-uhu.

169 Zvino, Bhaibheri rakati, “Ko vaviri vangafamba vose sei kunze kwekunge vachiwirirana?” Munoono?

170 Ndipo apo murume uya mukuru, murume uya mukuru wePentekosti, Jehoshafati, akazvibanidza neboka risiri iro. Uye ndizvo zvakaikwa kumaPentekosti edu nhasi. Mune vamwe varume chavo imomo, asi vakazvihanganisa neboka riya resangano. Budai kubva muchinhu ichocho! Chakatukwa naShe!

171 Cherechedzai zvino! Heunoi uyo, zvino akati, “Hongu, zvinonzwika sepfungwa yakanaka.” Ndokuti, “Ngoro dzedu dzehondo ndedzenyu; vanhu vedu. Ko handiti, tose tiri maJudha. Ichokwadi, tichaenda newe.” Asi pane kunamata kwakasiririra muna Jehoshafati kuti ati, “Haufunge here kuti ti—tinofanira kubvunza Ishe kutanga?” Maona? “Ndinofunga kuti inenge iri pfungwa yakanaka.”

172 Handiti, Ahabhu, “Ndizvozvo chaizvo.” Ndokuti, “Handiti, o, chokwadi, ndanga ndichifanira kunge ndazvifunga.”

173 “Saka, pane here munhu waMwari kune imwe nzvimbo? Mungavawo here nemuporofita?”

174 “Ah, ndine mazana mana avo. Ndine boka rose rekanzuru zasi kuno, sangano rose. Vaporofita vechiHebheru.”

175 Zvino rangarirai, Bhaibheri rakati vakanga vari “*vaporofita*, vaporofita vechiHebheru,” kwete vaporofita vechihedheni, vaporofita vechiHebheru; chikoro chavo, seminari yedzidzo yebhaibheri.

176 “Saka, vaunze kuno!”

177 Zvino madzimambo vakazvishongedza zvino ndokugara pamberi pake kuti vafadze muporofita. Zvino hepanoi panouya, ndinotenda kuti akanga ari Zedhekia akauya, mukuru-mukuru

wekanzuru yedunhu, kana chero zvaava, akauya ikoko pakati pavo. Akazvigadzirira nyanga mbiri huru, akati, “Ndanzwa kubva kuna Mwari. ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Nenyanga idzi muchasairira vaSiria kusvikira vabuda munyika.’”

178 “O kubwinya!” munhu wese akafunga kuti zvaive zvakanaka zvikuru, zvakarurama.

179 Tarirai kuti zvinosvika pedyo nepedyo sei zvakatetepa sereza zvino, pakati pechakanaka nechakaipa. Uye rangarirai zvichawira kune rimwe kana kune rimwe divi racho, kusvikira zvinodzika pazvinosvika pane imwe nguva sereza yakarodzwa uri mutsauko pakati pezvakanaka nezvakaipa. Zvinofanira kunge zviri Shoko rose raMwari; kwete zvinenge rose Shoko, asi rose Shoko! Uye zvasvika nhasi, kwete kumaLutherani, kwete kumaMethodisti, kwete kumaPentecosti, asi kuzera riya rakatesva, muzera rino apo chizoro chaantikristu chakanyatsokwana, chinogona kunyengera chaivo Vasanangurwa, vanowira kudivi risiri iro kana vakasangwarira, sechimupfedzekerwa. Tarirai! Ngwarirai! Hatisi kurarama muzera rePentekosti zvino. Tapfuura zera iroro, zvimwe chete sokupfuura kwatakaita Lutherani, nekupfuura. . . Maona?

180 Cherechedzai. Zvino vaporofita vose vakaporofita, vaiva mazana mana, vanodya zvakanaka, vakagadzirwa zvakanaka, vaporofita vechiHebheru vakavapupurira, muhumwe, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Kwira ikoko, Ishe vanemi.’”

181 Jehoshafati akati, “Zvakanaka, izvozvo—izvozvo zvinonzwika sezvakanaka. Asi,” ndokuti, “hamuna here mumwe?”

182 “Mumwe zvakare? Tine sangano rose pano, tine kanzuru yose yakaungana pano. Ko munodireiko mumwe zvakare?”

183 Akati, “Ah, asi ndafunga kuti zvichida panogona kuva nemumwe zvakare.”

184 Akati, “O, hongu, pane mumwe zvakare, asi haasi wekanzuru ino.” Uh-huh. “Munhu akadzingwa. NdiMikaya, mwanakomana waImura, uye ndakamuvenga.” Maona? Ndokuti, “Havambomugamuchiri muruwadzano, uye zvakare anongori munhuwo zvake akadzingwa. Uye iye nguva dzose, zvose zvaanoporofita, hambokurudziri seminari yangu nepaduku pose.” Uh-huh. “Uye anoita zvinhu zvose izvi zvakaipa, anongogara achiporofita zvakaipa pamusoro pangu, kuti angova akasiyana.”

185 “O,” Jehoshafati akati, “haiwa mambo musataura chinhu chakadaro. Asi ndinoda kunzwa kuti murume uyu anoti kudini.”

186 Ndokuti, “Zvakanaka, tichanomuwana.” Saka vakatuma kunze kune imwe nzvimbo murenje, uye ndokutuma mumwe murume.

187 Akati, ndokumuudza, ndokuti, “Zvino, panzira yako yokudzoka zvino, ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Unoda kudzokera zvakare musangano here?” Maona? “Unoda here kuwadzana nevamwe vose zvakare? Kana uchida, taura chinhu chimwe chete chinotaurwa nemukuru-mukuru wedunhu, taura zvimwe chete zvinotaurwa nabhishopi, zvino vanobva vanyatsokuunza mukati. Ino ndiyo nguva yekuzviita.”

188 Asi mungafungidzire here muporofita waMwari akazodzwa, wechokwadi achirerutsa paShoko rimwe raMwari? Kwete zvachose!

189 Akati, “Chero Ishe vachirarama, ndichangotaura bedzi zvinotaurwa naMwari!” Tinoda mumwe mwanakomana waImura. “Chero bedzi Ishe vachirarama, ndichataura bedzi zvaVanotaura.” Ndzivo chaizvo, “Zva Vanotaura.”

190 Saka pavakadzikako pamberi pevanhu, vaporofita vose, vakati, “Zvino, munoti vari . . .”

191 Akati, “Mirai, ndipei usiku hwanhasi, regai ndione kuti Ishe vanoti kudini.” Saka, usiku ihwohwo, Ishe vakauya kwaari muchiratidzo zvino ndokumuudza zvokutaura.

192 Mangwanani akatevera akati, “Ko unoti kudini, Imura?” apo vose vainge vakamira ikoko . . . Ndinoreva “Mikaya, mwanakomana waImura,” ndokuti, “saka unoti kudini zvino? Tiri pano tose pamwe chete, vaprisita vose, nevaporofita vose, nemadzimambo ose, nezvinhu zvose zvigere pano pamwe chete. Ko unoti kudini zvino kukanzuru ino huru?”

193 Ndokuti, “Endai kumusoro ikoko,” ndokuti, “asi ndaona Israeri yakapararira semakwai asina mufudzi.”

194 Zvino Ahabhu akati, “Ndambokuudzai kuti kudini! Mupanduki uyu anongogona bedzi kutaura zvakaipa pamusoro pangu!”

195 Aizokwanisa sei kutaura chimwe chinhu chakasiyana apo Mwari vainge vari kutaura chinhu chimwe chete? Muporofita anofanira kunge ari muromo waMwari uri kutaura, kwete mafungiro ake pachake. Ake . . . Muri kuona, akanyats- . . . akanyatsozvipira zvizere kuna Mwari, hapana chaanoda kukuvadza, asi anotofanira kutaura zvinotaurwa naMwari, nokuti iye hapana chaanogona kuita nezvaZvo pachake. Maona?

196 Akati, “Zvino, handina here kukutaurira?”

197 Zvino hepanoi panouya mu—murume mukuru aine nyanga, ndokumuwatsura pamuromo, ndokuti, “Mweya waMwari waenda nekupi paWaenda uchibva mandiri?” Nemamwe mashoko, regai ndiedze kuzvijekesa, “Tarira muno . . . Tarira kuno, ndinoda kukuudza chimwe chinhu, Mikaya. Unocherechedza here kuti ndiri mazvikokota muMagwaro? Unocherechedza here kuti ndine chizoro?” Kana kuti,

“Rubhabhatidzo,” tingadaro nhasi. “Unocherechedza here kuti ndinazvo?”

¹⁹⁸ Imura akati, “Handisi kuzvipokana izvozvo.”

¹⁹⁹ Akati, “Asi teerera! Mweya waMwari wakandiudza, ukapupurirana pamwe nevangu vose ava vane mazana mana vari pano, kuti tiri ‘kuzosundira vaSiriya kunze kwenyika.’ Zvino iwe ndiwe ani angauya pano achitaura kuti mambo wedu mukuru ari kuzouraiwa?” Akati, “Mweya waMwari wakanditaurira izvozvo.”

²⁰⁰ Regai ndinyatsozvijekesa kuitira kuti mugozvinzwisisa. Uye pamwe tinowana Mikaya achiti, “Manheru apfuura muchiratidzo, changamire, ndakaona Mwari vagere paChigaro choushe. Zvino ndakaona hondo yose yoKudenga igere yakaVapoterredza, uh-huh, zvino vakanga vaine kanzuru Kudenga. Vakati, ‘Ndiyani watingawana kuti adzike pasi kunonyengera Ahabhu? Nokuti pasi peChigaro pano pane muporofita, muporofita wechokwadi, zita rake ndiEria. Uye akaporofita neShoko raNgu uye ndokutaura kuti “Uya Ahabhu akaipa, nokuti akauraya Nabhoti, imbwa dzichananzva ropa remunhu uyu akaipa,” zvino tinofanira kuita kuti Izvozvo zviitike nokuti Zvakatotaurwa kare, IZVANZI NAJEHOVHA! Zvinofanira kuitika, zvinofanira kuvapo. Uye ko tichazviita sei?”

²⁰¹ “Zvino kubva kunzvimbo dzezasi dzevakarasika, kuzasi-zasi ikoko kwakauya mweya uchikwira mudenga, akati, ‘Ndiri munyengeri. Kana ndikagona kuKuitirai basa, ndichadzika zasi ikoko ndonobata muporofita wake.’” Nokuti vakanga vanyatsori muhurongwa, vanongonzwisisa chinhu chimwe chete, tumanyawi tushoma. “Zvino ndichavaita kuti vaporofite nhema. Uye ndichaita kuti Ahabhu aterere varemekedzwa ava panzvimbo yemuporofita weNyu wechokwadi; nokuti anoongorora zvinhu zvose zvaanotaura neShoko reNyu, anoongorora zviratidzo *zvake* neShoko, anoongorora zvinhu zvose zvaanoita neShoko, zvino kana zvisingaenderane neShoko haazviteereri. Asi kana izvo...ndinokwanisa kunyengera vamwe ava, uye ndicha...ivo...Ahabhu ane ruvimbo rwukuru mukubatana kukuru uku pamwe chete kwekuchengetedzwa kwavo, saka vanofamba vachienda kwese pamwe chete uye vanoungana pamwe chete. Zvino ndichaita kuti Ahabhu avateerere, oenda kunze ikoko. Zvino ndiwo maitiro atichazviita.”

²⁰² “Mwari vakati, ‘Unogona kuzviita, uri munyengeri chaiye; iwe chienda zasi.’”

²⁰³ Zvino Zedhekia akamuwatsura pamuromo, ndokuti, “Wakanga uripi...?”

²⁰⁴ Akati, “Uchazozviona pauchange wakagara mukamuri yemukati-kati.” Uh-huh.

205 Akati, “Endai kumusoro ikoko!” Zedhekia akadaro kuna mambo. Akati, “Endaiko mugodzoka murugare!”

206 Ahabhu akati, “Torai muchinda uyu mugomuisa mutorongo. Musungei nengetani, momupa chingwa chekusuwa nemvura yekusuwa. Uye kana ndadzoka nokukunda kwangu kunze uko, izvo zvandaudzwa nevaporoifita vangu kuti ‘rumutsiriro urwu rwuri kufanira kuitika zvemazvirokwazvo,’” ndokuti, “ndichazomuona muchinda iyeyu!”

207 Teererai kumashoko aMikaya okupedzisira kumurume uyu: “Kana muri mazenge madzoka, zvikadaro Mwari havana kumbobvira vataura neni.” Ameni.

208 Munoono, Mwari vane nzira yaVo yokuita zvinhu. Varume ava vaifunga kuti vakanga vari kuitira Mwari basa. Ngwarira! Kwete manyawi, kwete kunakidzwa, kwete kufungidzira, asi inofanira kunge iri “ZVANJI NAJEHOVHA,” zvinofanira kunge zviri izvo. Zvakanaka, hazvina basa...Tinoona zvinhu izvi zviri izvo.

209 Cherechedzai zvino apo Dhavhidhi akanga aita rairo huru iyi, uye zvaiita sokunge zvakanga zvakanaka, chinhu chakanaka kuti chiiitwe. Zvino tinoona kuti... (Ndiri kukunetesai? Handichisina nguva yokuva neimwe?) Vakanga vaita rairo huru iyi, haana kubvunza muporofita.

210 Zvino, chero munhu upi zvake anoziva kuti Amosi 3:7 yakataura kuti Mwari vakavimbisa kuti hapana chaVanoita vasina kutanga vazvizarurira kumuporofita waVo. Nemumazera ekereke takava nevavandudzi; asi ndokuvimbisa naMaraki 4 kuti kuchava nemuporofita munyika mumazuva okupedzisira (nokuti zvinofanira kukwana muhurongwa iwoyo, munoono) nguva yekuguma isati yasvika.

211 Jesu asati auya pakutanga, Eria akauya, Eria waMaraki 3. Mateu 11 inotaura kudaro, “Kana muchigona kuzvinzwisisa, uyu ndiye uya akataurwa kunzi, ‘Tarirai Ndinotumira mutumwa waNgu—waNgu mberi kwaNgu.’” Zvino, Akaporofita, vose vadzidzi vebhaibheri vanozvitenda; kuti, muzuva rokupedzisira, Mweya waEria uri kuzouya, zvakare. Unofanira kuuya kashanu, Mwari vanoshandisa Mweya uyu: Eriha, Eria, Johane Mubhabhatidzi, uye newekereke yeVahedheni, uyezve nevaJudha vemunaZvakazarurwa chitsauko 11. Ndidzo, n-y-a-s-h-a dzaMwari, k-u-t-e-n-d-a, J-e-s-u, Jesu, va—vara reshanu. Haukwanise kumira pane ina, zvinofanira kuenda kune shanu. Maona? Cherechedzai!

212 Zvino, Akazvivimbisa, saka zvinoisa Bhaibheri kuzuva rino chairo, uye iyo Sodhoma neGomora. Uye Eria akanga asina... Akanga asiri Eria; Wakanga uri Mweya waMwari pana Eria; Eria aingori munhu. Zvino, takava navana Eria, nemabatye avanaEria, nemajasi ana Eria, nezvose zvavana Eria. Asi Eria wezuva rino ndiShe Jesu Kristu. Ari kufanira kuuya zviri

maererano naMateo wegumi nenomwe-...Ruka 17:30, iyo, Mwanakomana wemunhu ari kuzoZvizarura pakati pevanhu vaKe. Kwete munhu, Mwari! Asi zvinouya nemumuporofita. Zvino, haAna kumbova nevaporofita vakuru vaviri panguva imwe chete, kwete zvachose, munyika. Maona? Hazvina basa kuti kune zvakadini... misoro miviri—miviri haikwanise... Unofanira kunge uri musoro mumwe chete. Mwari vanofanira kuisa munhu mumwe chete pasi pesimba rekutungamira kwaVo. Maona? Pana Mwari mumwe chete; paiva naBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, asi Mwari mumwe chete pamusoro pazvo zvose, cherechedzai, zvino ndokungoshandisa mahofisi aya. Saka ndizvo zvaVakaitawo naEria, Mweya waEria; Vakashandisa Mweya uyu, asi Mwari mumwe chete achiUtungamira nguva dzose kuzadzikisa Shoko raVo.

²¹³ Zvino, cherechedza mune izvi zvino, Dhavhidhi akafunga kuti akanga aine zvinhu zvose muhurongwa. Uye akanga akafemerwa. Munoono kuti Mweya Mutsvene unogona kuzodza munhu zvakadini? Asi zvinofanira kunge zviri muhurongwa hwechizoro. Mweya wekunze unogona kuzodzwa neMweya Mutsvene, asi munhu wemukati akasviba setara. Tsine inokura nemvura imwe chete inovaka... inoisa upenyu mugorosi, inoisa upenyu mutsine; asi pazasi petsine, pane upenyu hwetsine. Iri kufara, nokudombera, uye ine hupenyu, pamwe nokuita izvo zvose zvinoitwa negorosi, asi *hupenyu hwemukati* hwayo *itsine*. Maona? Vadzidzisi venhema vanogona kusimuka, vachidzidzisa mhando dzose dzezvamwari muhutatu nezvimwe zvose, uye ange akazodzwa neMweya Mutsvene, uye agoita minana yakawanda inogona kungoitwawo neEvhangeri yechokwadi. Asi neShoko pano, ndizvo zvinozviita. Munoono zvandiri kureva? Zvino, zvakanaka kudzidzisa izvi, ndinofungidzira, ndi—ndiri mutabhenakeri inosanganisa masangano ose mangwanani ano, mu—muhotera iyi pano.

²¹⁴ Cherechedza, tarirai zvatiri kutaure. Zvino, zvakanaka, teererai. Dhavhidhi akanga aine manyawi ose aiva murumutsiriro rwemazvirokwazvo. Cherechedzai! Vakadanidzira, vakazhamba, vakatamba, vakanyatsowana chimwe chinhu kubva muchizoro ichi. Chokwadi vakadaro! Zvose serumutsiriro rwechokwadi, asi, munocherechedza, Mwari vakanga vasiri marwuri. Mwari vakanga vasiri marwuri. Vakanga vaine muporofita akanga agere munyika imomo. Vaifanira kunge vakaziva. Maona? Dhavhidhi aifanira kunge akazviziva izvozvo.

²¹⁵ Chimwe chinhu nhasi, tine hurongwa hwese, semasangano makuru, mbuserere dzemunguva yedu, asi zvibereko zvacho zviri kungofanana nezvazvaiva kareko; zvibereko zvembuserere dzedu huru, uye nenjere dzedu huru dzakanaka, zvivakwa zvedu zvikuru, nezvedu zvikuru... kuvaka zviuru, uye nokuwedzera nhengo nezvimwe, zvinoguma nenzira imwe chete, zvose

zvinokundika. Handisi kuzvitaure kuti ndive ndakasiyana, ndiri kuzvitaure kuti ndinge ndakatendeka pamberi paMwari, uYo ane Bhuku randakamira naro mangwanani ano. Maona? Zvose zvinoguma zvakundika, zvbereko zvimwe chete.

²¹⁶ Iye zvino ngationei zvakaiteka apo Mwari (munguva nezera raVo) ne vaporofita vaVo pavanenge vasina kurangarirwa, vachingovimba nedzidzo yebhaibheri, vaprisita, zveasangano sezvatinaivo nhasi. Zvino, nepedyo. Zvose zvinovhiringidzwa. Kana Mweya waMwari wechokwadi uripo, Unozvitungamira muShoko; kwete nzvimbo imwe chete bedzi muShoko, Shoko rose rezera rose. Maona?

²¹⁷ Zuva rePentekosti, Mweya wakazvitungamira muna iRoro, kuna Joere 2:38. Maona? Zuva raLuther, Wakazvitungamira mune iRoro; Wesley; mukufamba kwepedzisira kuno kwepentekosti; asi rino rimwe zera, kuno uku kudairwa kunze kweMwenga. Kwete zviuru zviviri zveakore paPentekosti, kana kudzororwa, kana kudzokera. Pentekosti . . .

²¹⁸ Mweya Mutsvene wakanga uri muna Luther, Mweya Mutsvene wakanga uri muna Wesley; iShoko raMwari riri kuzodzwa. Uye Mweya Mutsvene wakadzoka kuvanhu vezera zvino vakatanga kuva nokudzoreredzwa kwezvipi. Vakaona kuti, pakuzvipira pachavo kuna Mwari, Mweya Mutsvene wakataura nendimi nemavari. Vakaisa mawoko avo pane vanorwara, uye vakapodzwa. Vakatamba muMweya. Maona? Rakanga riri zera rekuvandudzwa richidzose kereke muhurongwa. Zvino hurongwa hwepedzisira hwekereke kwaiva kuiswa kwezvipi mukereke; saLuther akaisa kururamiswa, Wesley akaisa kucheneswa, Pentekosti ikaisa zvipo. Asi chii chavakaita? Kukanganisa kumwe chete, sezveasikirwo zvakananidzira negunde regorosi, vakaita sangano, zvinopikisana naMwari, zvinopesana naMwari.

²¹⁹ Zvino, tinoona kuti apo . . . Zvino vanounganidza magunde pavanouya pamwe chete, vanogadzira pfungwa yavo pachavo. Uye zvisinei . . . Kana “bukira idzva,” sokuridana kwavanoita, parakabuda ruchibva muAssemblies of God, chii chavakaita? Havana kugona kuRigamuchira. Zvisinei kuti chaiva Chokwadi chakadini, rubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, vakanga vatove General Council nechekare. Munhu akanga ave kutotungamira, Mweya wakanga zvino waba pavari. Ndizvoivo! Zvino izvi zvakaouya . . . Ndakataura nevamwe vakuru venyu vakanakisisa; vanoti, “Zvakanaka, saka todini zvino?” Vanozovinyadzisa pachavo. Apo, ivo vanoziva kuti iChokwadi; kana vasingazive, vakapofomara pamweya uye havazive Bhaibheri. Kusiri kuzvitaure mune zvakaipa, zvino, kuzvitaure mukuremekedza. Nokuti, hapana pazviri muBhaibheri apo chero munhu akambobhabhatidzwa nemadunhurirwa aya, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Uye haana kumbobvira akashandiswa kusvikira

mushure meecumenical council, kereke yeRoma Katorike. Katekazi yavo inopupurira chinhu chimwe chete. Idzidziso yeKatorike! Haisi dzidziso yeBhaibheri, asi dzidziso yeKatorike. Uye imi maMethodisti makabuditsa makatekazi enyu nezvimwe zvose sezvavaingovawo nazvo, ndokukura muchibuda mazviri zvishoma nezvishoma. Asi iye zvino pamunosvika paPentekosti, zvino moparadzira dzimwe dzidziso idzodzo, makaramba makabatirira padziri.

²²⁰ Asi iye zvino kudanwa kweMwenga, iye zvino ndipo apo Zvisimbiso Zvinomwe zvakazarurwa, zvino apo zvinhu zvose zvizere zvakasiyiwa nevavandudzi zvinofanira kuzarurwa; uye Maraki 4 oga ndiye anokwanisa kuita izvozvo, nokuti zvinotora chizaruro chinonyatsobva kuna Mwari chichiuva kune munhu mumwe chete kuzoita zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo! Hachikwanise kuuya kuboka revanhu, hachina kumbobvira chakazviita. Munhu mumwe chete! Ndizvo izvo Mwari vakavimbisa mumimvuri yekuuya kweMwenga waVo, mumwe Eriezeri. Maona?

²²¹ Cherechedzai kana vapisita, vashumiri, nevamwewo, vakawana kufemerwa kwavo, uye vakazodzwa zvezmazvirokwazvo. Dhavhidhi akanga akazodzwa. Bhaibheri rakataura kudaro. Asi, muri kuona, akaenda kuzvinhu zvisiri izvo, akaenda kugwara risiri iro. Akaendesa chizoro chake kudivi risiri iro, kuvanhu uye nezvavaifunga, kuvakuru vemauto, pane zvavaifunga, panzvimbo yekuenda kunzira tsvene yaMwari kuti anzwe kuti ZVANZI NAJEHOVHA yaiti kudini, “Ko ino ndiyo here nguva yezvizvi? Uno ndiwo here mwaka wezvizvi? Uku ndiko here kuda kwaMwari?”

²²² Zvino kana ari muporofita waMwari wechokwadi, anoenda pamberi paMwari kutanga, oti, “Baba, chiiko ichi?” sezvakaitswa naNatanieri pamberi apo kuna Dhavhidhi.

Dhavhidhi akati, “Chingaita chinhu chakanaka here kuti ini ndigare muimba yemusidhare, asi areka yaMwari wangu iri pasi pematende kunze kuno?”

²²³ Zvino tarisai kuna Natanaeri, akati, “Dhavhidhi, ita zvose zviru mumoyo mako, nokuti Mwari vanewe. Uri mudziyo waMwari wakazodzwa.”

²²⁴ Asi nokuti aiva muporofita, zvino kukanganisa kwake, zvino Mwari vanosungirwa kumira nemuporofita waVo. Manheru iwayo Vakazviratidza kwaari, ndokuti, “Enda unoudza muranda waNgu Dhavhidhi, ndinoyemura hushingi hwake, ndinomuda nokuda kwaizvozvo, nokuti murume ari pamoyo waNgu chaiPo, uye ndinoziva kuti yakwana nguva yokuti areka yaNgu inge yakadaro, yakaiswa pasi pechimwe chinhu, asi Ndinongo... Handiwo mwaka wacho wekuti zviitike. Ndichaita kuti mwanakomana wake agozviita, asi handimuregi achizviita.”

225 Zvino hepano panouya Natani aine, “ZVANZI NAJEHOVHA, Dhavhidhi, chizaruro chikuru chawanga uinacho chakatsveyama sezvachakanga chakaita paya pawakaunza areka.” (Uh-huh! Uh-huh! Maona?) “Usazviiti. Usazviedza! Asi Mwari vati Vachaita kuti ‘mwanakomana wako azviite.’” Apoka! Maona? Hezvoka izvo!

226 Dhavhidhi akazodzwa kuzvitaure nokuti kumashure kwacho akanga azviona, sezvakaita Abrahamama akatsvaka Guta pano pasi. Munoziva, akanga ari kuRitsvaka nokuti akanga ari kuzogara pano rimwe zuva, ndizvozvo Abrahamama, muGuta iroro. Zvino akafamba kwese-kwese achiRitsvaga. Uye chaipo panzvimbo imwe chete paakatsvaga, rakanga ringori pamusoro pake zvino, uye richadzoka muMireniyamu uye achazogara muGuta iroro. Asi nokuti aiva muporofita, akagadzwa nokufemerwa, aiziva kuti paiva neGuta pane imwe nzvimbo, uye akanga ari kuRitsvaga. Asi, muri kuona, chizaruro chose chakanga chakavanzwa kubva kwaari. Chakanga chisiri chezera rake. [Chibenga patepi—Mupepeti.] . . .zvichidzika zasi kuna Johane, apo akaRiona richidzika pasi kubva kuna Mwari richibva Kudenga. Ndiro raive guta racho.

227 Munoono, chinhu chose chinofanira kunge chiri mumwaka wacho. Ukadyara gorosi rako munguva yepfumvudza uye . . .kana mumatsutso zvino wozoicheka muchirimo chinotevera. Maona? Rinofanira kuuya nemugunde, zvino rozouya nemumuchekechera, nechikwande, uye zvichienda kupinda . . .Rinofanira kunge iri mumwaka. Zvisikwa zvose zvinofambirana. Mweya waMwari wakagadzira zvisikwa, zvino zvose Mwari nezvisikwa zvinoenderana. Zvinhu zvose zvakaiswa mutemberi zvaiva mufananidzo wezvaakaona Kudenga.

228 Ukaona muti uchirwisa kuti urarame, zvinoreva kuti kune mumwe muti usingafe. Ukaona munhu achirwisa kuti ararame, zvinoratidza kuti pane tabhenakeri yakamirira pane imwe nzvimbo isingafe. “Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparara tine imwe yakatofanotimirira.” Baba voKudenga vakanaka vakanditendera kuenda seri kweketeni iri rimwe zuva zvino ndokuiona. Vangani vakanzwa zve . . .? . . .Maona? Kutarisa seri kweketeni renguva. Hezvo zvazvaiva zviri zvimwe chete sokuparidza kwandiri kuita kunemi mose, havo vaive vakamira. Mweya iri pasi peartari, ichichema, “Kusvika riinhi?” Kwete kungova ngano, mumwe munhu aitova nenjere: “Kusvika riinhi, Ishe?” Maona? Apo tiri kuzvinzwa zvino, sepazera redu zvino, seHama Bill Dauch vagere pano vaine makore makumi mapfumbamwe nematatu. Pane chimwe chinhu chiri kushuvira hujaya huya zvakare. Pane chimwe chinhu . . .Ungatopa hako chero chinhu. Ndingadawo kudaro. Hama Jack, nevamwe vedu vose. Kudzokera, Hama Gerholtzer, muno, kupinda muhujaya huya. Tinodirei kuzviita? Kuve vechidiki tigomhanya kwese-kwese zvakare here? Kwete, changamire! Nokuti tinonzwa kuti

tinezenge tave nenguva yakawedzerwa yekurumbidza Mwari uyu watinoda.

²²⁹ Uye hama dzangu dzinodikanwa, ndine Mharidzo ino mangwanani ano, pane Nyika mhiri kwerwizi yatinodana kuti kutapira kusingaperi. Ikoko tichaMurumbidza nemumazera, nemazera ose, nemunaZiendanakuenda. Sei tichizvinzwa? Nokuti pakadzika pari kudana kune pakadzika. Uye kana pakadzika pachiri kudana, panofanira kuva nepakadzika panodavira pakudana uku kana kuti panenge pasina kudana. Pasati pava nechisikwa, panofanira kuva neMusiki kutanga kuti asike zvisikwa, kana kuti hapana... Zvinoratidza umboo hwekuti iriko.

²³⁰ Cherechedzai vapisita ava, vose vakabuda mugwara. Cherechedzai chizoro, zvakanaka, hapana chakanga chakaipa nechizoro. Zvimwe chete nemi maPentekosti, asi tarisai gwara iro ramuri kufamba mariri zvino. Zuva rashanduka kubvira paPentekosti, chimwe chinhu chiri kuendeka. Dai painge pasina muporofita munyika, pamwe Dhavhidhi angadai ainge ari mugwara. Ndizvozvo chaizvo. Asi hepanoi paiva pakamira Natani, akasimbiswa, akagadzwa, achipupurirwa naMwari kuti aive muporofita.

²³¹ Tarirai! Areka muBhaibheri nguva dzose mufanidzo weShoko kwatiri, nokuti raive Shoko raMwari raive muareka. Uye yakanga... Cherechedzai areka yavakaunza, onai maitiro avakazviita. Haina kuiswa panzvimbo yepakutanga yakatemerwa naMwari. Zvino, Mwari vakataura kumashure kuno muMurairo kuti inofanira... kuti zvinofanira kuitwa sei, kuti areka iyi yaizofambiswa sei, uye kuti yaizofambiswa naani. Asi Dhavhidhi, pasi pechizoro chake...

²³² Hama yangu, usapotsa izvi. Nehanzvadzi dzangu, imi munoda kuva madzimai anoparidza nezvimwe zvakadaro, musazvipotsa izvi. Hazvina basa kuti chizoro chako chakadini, unofanira kupinda panzvimbo yakapiwa naMwari. Chizoro chaDhavhidhi chakanga chakanaka, asi mukuzviita akafarisa ndokudarika muganhu. Chii chaakaita? Akadarikira muganhu. Panzvimbo yokuisa areka panzvimbo yayo yepakutanga, akaitakura pangoro itsva kwete pamusoro pemoyo wevaRevhi. Yaifanira kutakurwa pamusoro pemapfudzi evaRevhi, pari pamusoro pemoyo. Shoko harisi mupfungwa, Riri mumoyo! "Kwete pangoro itsva." Chaiva chii? Vamwe... Chaimiririra chimwe chinhu chitsva, chakaitwa naDhavhidhi ipapo, zvakataura pamusoro pesangano rose raizovapo. Shoko raMwari harisi kuzova ne... kuzotakurwa nemapresbyter enyika kana mabhishopi, nevamwe vakadaro, vemasangano. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene mumoyo wemunhu, kwete mune kumwe kufamba kwezvekunamata. Mweya Mutsvene ipfuma yerudo rwaMwari mumoyo yeparume nemadzimai kuti vateerere. Maona?

233 Yaiva pamapfudzi evashumiri vaVo, vashumiri vaVo vaiva vaRevhi. Voiisa papfudzi rekuruboshwe zvino votakura areka iya sezvizvi, nokuti yainge iri pamusoro pemoyo wavo. Vaiva nemutoro weShoko pamoyo wavo. Amen! Zvino une mutoro wesangano rako pamoyo wako, mutoro weungano yako: kana uri uchazovaka here *zvakati*, kana kuita *zvokuti*, kana kuitawo zvimwe. Mutoro wekuti vamwe vangani vauchazounza kusangano rako; panzvimbo yemutoro weShoko raShe, zvokuti ivo vanhu vanoona Shoko raMwari bedzi pasinazve zvimwe. Asi makaRiisa pangoro itsva zvino. Maona? vari kuRitakura kumusoro kuno kunyange muecumenical council, pamapfudzi. Handidi kuva ndinotsoropodza, uye dai Mwari vandibatsira zvino. Ndiri kungokutaurirai Chokwadi.

234 Zvino, vachirunzirwa nezvitendwa nemaecumenical council, Shoko, Shoko remazvirokwazvo remumwaka wezera iroto harina kucherechedzwa, nokuti vakanga vaine manyawi akawanda. Asi Dhavhidhi, mambo akazodzwa. . . Akanga ari mambo, asi akazodzwa kuva *mambo*. Unoti, “Ndiri mushumiri, ndakazodzwa.” Zvino chigara uri mushumiri, usaedza kuva muporofita. Maona? Kana uri muvhangeri, gara uri muvhangeri.

235 Rangarirai Uziya, mumazuva aIsaya, mambo wechidiki. . . muporofita wechidiki. Uziya akanga ari munhu mukuru, murume akazodzwa, Mwari vakamuropafadza; ndokuzviropafadza pachake. Hongu, ndakazviparidza kwamuri pano pane imwe nguva. Zvino rimwe zuva akazvisimudzira kwazvo kusvikira akafunga kuti aingogona kutora hofisi yemuprisita, zvino ndokutora moto ndokuenda pamberi paShe. Uye ivo. . . Ivo vaprisita vakamutaurira, “Usadaro, Uzia!” Asi akazvisimudzira. Muporofita hapana chaakagona kumutaurira. Vaprisita vaiziva hurongwa hwavo, vakanga vari kuchengeta hurongwa hwavo, ndokuti, “Harisi basa rako, Uziya. Usaita, izvozvo!”

236 Saka, akavati “Nyararai!” Zvino akapinda ne—nemoto, mukati kuti apirise, achitora basa remuprisita; akanga ari mambo akazodzwa, kwete muprisita. Zvino vaprisita vava vaiedza kumutaurira, “Uri mambo anoshamisa, wakazodzwa, Mwari vakatiropafadza kubudikidza newe. Asi uri mambo, kwete muprisita.”

237 Zvino imi vafudzi hamufanire kuudza muporofita zvokuita, kana imi vavhangeri kuudza mufudzi. Munooni, mumwe nomumwe ane hofisi yake kana ichinge yanyatsoziviswa zvakanakwana.

238 Saka akapinda nemoto, zvino ndokurohwa nemaperembudzi ndokufa.

239 Zvino hepanoi pana Dhavhidhi, mambo. Dhavhidhi ari kuedza kuita chinhu chimwe chete pano. Akasarudza kuzviita iye oga pachake. “Saka, zvakanaka, ndinofanira kuenda.”

Ndokutarisa-tarisa kune vanhu, “Ko munoti kudini, nhai keputeni? Mune zviuru gumi.”

240 “Kubwiya kuna Mwari, Dhavhidhi, ndiri kunzwa Mweya.” O, akanzwa! AkatoUnzwa. “Ko unofungei, Dhavhidhi? Uri kuUnzwa here?”

241 “Kubwinya kuna Mwari, Uri pamusoro pangu pose! Regai tizvitarise tione kana zvakanaka, ngationei. Ko areka inogarepi?”

242 “Pamwe chete nesu! Ndeyedu.”

243 “Ndiyani watingabvunza? Zvirokwazvo, areka.” Chingori chiri chinhu chimwe chete sezvaiva nyika iya yaiva ye—yeIsraeri panzvimbo yevaFiristia. “Ndizvozvo. Ndeyedu. Uye hongu, ndiri kunzwawo chizoro, zvakare.”

244 Vakuru vemazana, ungoro yose, “Kubwinya kuna Mwari!” vakaombera maoko, vakadanidzira, uye vakatamba, ndokusvetuka-svetuka.

245 Vaiva noMweya, asi munofunga kuti Baba vaifungei? “Inga Ndakatuma Natani, muporofita uya zasi uko! Vanoziva zvokuita, uyewo naDhavhidhi, asi iye zvino ari kungonakidzwa ndokudarika muganhu zvino ndokunoita *izvi*.”

246 Zvakanaka, cherechedzai, “ngaitakurwe pamapfudzi” ndiro raiva zano raMwari repakutanga. Pane zvishanu *zvakananira*. Ndinoda kuti muzvinyore pasi, kana muri. . . ndiri kuona kuti muri kunyora.

Uye ava maminitisi makumi maviri, maminitisi makumi maviri neanoraudzira tadarika nguva dza ten, saka ndichaedza kunge ndapedza naeleven, kana zvichigoneka. Ndichakasika sokukwanisa kwandingagona.

Hazvina basa kuti munhu anogona kunge akaperera zvakadini mukuitira Mwari basa, hazvina basa kuti akaperera zvakadini, kuti akazodzwa zvakadini, kuti muPrebyitariani zvakadini, muBaptisti, muPentekosti; zvisinei kuti uri mubhishopi, mudhikoni, chero chipi chaungava, mufudzi, muvhangeri, muporofita, chero zvipi zvazvingava; pane zvinhu zvishanu zvakananira kucherechedzwa kutanga. Zvisinei kuti chizoro chakadini, nokuita sechakanaka zvakadini, vanhu vari kudandzira zvakadini, zvoze zviri kuitwa neMweya, pane icho *chakananira*.

247 Zvino, hama dzangu, apo muri kugadzirira pepa renyu, munogona here kunzwisisa kuti sei? Zvino rangarirai, mose mafunga, uye zvikadzidziswa pakati penyuru, kwete. . . (munoono, ndiri kutaura kunyika yose). . .kuti handitendi mukutaura nendimi. Ndinotenda mukutaura nendimi, asi unogona hako kutaura nendimi asi usina Mweya Mutsvene. VaKorinte Vokutanga 13, inoti, “Nyangwe ndikataura nendimi dzevanhu nengirozi, hapana zvandiri kunyange zvakadaro.” Maona?

Ndicho chizoro cheMweya Mutsvene, hachinei nechekuita nemunhu wemukati ari mukati mako. Unogona kutaura nendimi ugoramba Shoko. Ndakazviona zvichiitwa, uye nemi munozvionawo zvakare. Maona? Mudzimai anokwanisa kuparidza Evhangeri uye...Maona? Vanogona kuita zvose... Vanocheka vhudzi ravo, uye zvakadaro vachidanidzira nokutaura nendimi nezvimwe zvose. Uh-huh, ndizvozvo chaizvo. Unofanira kupinda mugwara reChokwadi reShoko.

²⁴⁸ Cherechedzai! Zvisinei kuti munhu akaperera zvakadini, zvisinei kuti anoshandiswa zvikuru naMwari zvakadini, zvisinei kuti akadini, anofanira kuva izvi: anofanira...Zvinhu zvaari kutaura nezvazvo zvinofanira kunge zviri munguva yeBhaibheri. Mumwe munhu anoti, “Saka, Mosesi kareko.” Ndinoziva zvakaitwa naMosesi, asi handizvo zviri kuitwa naMwari nhasi. “Saka, kareko, makore makumi matatu apfuura, Luther akati...” Zvinogona kunge zvakakanaka, asi handizvo zvaAri kuita nhasi. “Saka, makore makumi mana apfuura, Pentekosti yakawa.” Asi handizvo zvaAri kuita nhasi. Maona? zvinofanira kunge zviri munguva yacho.

²⁴⁹ Zvinofanira kunge zvichienderana neMagwaro. Zvinofanira kunge zviri mumwaka, kechipiri. Kechitatu, uye zvinofanira kunge zvichienderana nenzira yakataurwa neShoko raMwari kuti zvinozova.

²⁵⁰ Zvino unoti, “Kubwinya kuna Mwari! Mweya Mutsvene wakawira pandiri, hareruya, sezvaWakaita neZuva rePentekosti.” Asi zvinogona kunge zvakasiyana nhasi. Wakawira pana Dhavhidhi, zvakare, hauna here? Zvemazvirokwazvo, Wakadaro. Wakawira pana Uziya, asi zvakanga zvisiri izvo! Munoono, unofanira kuenda pakadzika kudarika ipapo zvino. Maona? Unofanira kuenda pakadzika kudarika ipapo. Zvino, usanzwe kurwadziwa, ingo—ingoremekedza.

²⁵¹ Uye cherechedzai, uye zvinofanira kuuya kumunhu akasarudzwa naMwari. Kwete kusarudza kwesangano, kwete akasarudzwa nevanhu, asi zviri maererano nokusarudza kwaMwari. Zvino kana riri shoko rabva kuna Mwari, rechizaruro chikuru chabva kuna Mwari, rinofanira kuuya kumuporofita waKe. Zvino, kana uchida Gwaro raizvozvo, ndiAmosi 3:7. Maona? Zvino, zvinofanira.

²⁵² Pane zvinhu zvishanu zvazvinofanira kunge zviri: Zvinofanira kunge zviri mumwaka. Zvinofanira kunge zviri munguva yazvakanzi naMwari zvaizovapo. Zvinofanira kunge zvakanyorwa muShoko raMwari. Zvinofanira kunge zviri mumwaka wenguva yaMwari, munoono. Uye kunofanira kunge kuri kusarudza kwaMwari.

²⁵³ Uye Mwari havana mumwe wedu wavanoda kuti adudzire Shoko raVo, Mwari vanoZvidudzirira pachaVo. Havadi

maseminari edu. Havadi huchenjeri hwedu, hauna maturo. Maona? Evha akahuwana, uh-huh, zvino ndokupotsa Dudziro nehuchenjeri hwake.

²⁵⁴ Unoti, “O, vakomana, muchinda uyo murume akangwara.” Zvakanaka, hapana zvazvinoreva. Chokwadi. Ahabhu akanga ari murume akangwara. Bhereshazare akanga ari murume akangwara. Satani aiva nehunyegeri kudarika zvose pamwe nokuipa, nemano, hapana kana mumwe wenyu aigona kumisidzana naye, hapana zvachose.

²⁵⁵ Handivimbe ne . . . hapana . . . kwete huchenjeri, kungovimba naMwari. Maona? Mwari vakadini? Ivo iShoko. Ko Mwari vanodudzira sei Shoko raVo pachaVo? Nyatsoteeresai zvino, musapotsa zvinhu izvi. Ko Mwari vanodudzira sei Shoko raVo pachaVo? NokuRiita kuti rizadzikiswe, kwete kungoti *rimwe* pano, asi *rose* zvaro remwaka iwoyo.

²⁵⁶ Kwete kuti, “Noa enda unoparidza, wakafemerwa,” asi, “Vaka ngarava, isa mikova pairi, igadzire *seizvi*, *neizvo*.” Ko dai akaisa mukova pamusoro panzvimbo yepazasi? Ko dai akaisa hwindo pazasi, mukova pamusoro? Maona? Zvinofanira kurairwa zvichienderana nenguva, nokuti ndiwo chaiwo mashandisirwo azvichaitwa naMwari. Zvinofanira kunge zvakadaro, uye zvinofanira kuuya nokufemerwa.

²⁵⁷ Ndakanzwa mumwe muchinda achiti pane imwe nguva, akati, “Ndinotenda kuti murume yu anonamatira varwere, ndinotenda izvozvo zvakanaka. Asi zvokuti muporofita,” ndokuti “ndinotenda kuti muporofita waMwari; asi semudzidzisi, handiti, iye ‘muJesus only.’” Chii . . . Mhando yemunhu akadaro ungamudana kuti kudini? Munhu asingazive zvaari kutaura.

²⁵⁸ Iro shoko racho rokuti *muporofita* rinoreva kuti “ndiye anozarura Shoko raMwari,” Dudziro inouya kwaari bedzi. Uye ndicho chikonzero nhasi tiri kuda zvikuru munhu mukuru yu ari kufanira kutumirwa kwatiri ari muchimiro chaEria muporofita, nokuti kunenge kuri kuzarurwa kwaMwari kuchiziviswa kwatiri kubudikidza nokusimbiswa, zvichiratidza kuti ndiro zuva racho nenguva nemwaka yazvakavimbiswa naMwari yokuti zvinge zviri. Uye, rangarirai, achataurwa zvakaipa pamusoro pake; zvagara nguva dzose zvakadaro, uye zvichagara zvichingodaro. Anorambwa, sezvakangoita chikwande chichadhonza . . . Kutanga achagamuchirwa, nokuti chikwande chinobata gorosi kusvikira rave kukwanisa kuenda kuzuva. Pentekosti ichangochengetedza Mharidzo bedzi, yoIpa mukova wakazaruka kusvikira Yaparadzirwa, zvino chikwande chinozosuduruka, zvino gorosi rinozogara muHupo hweMwanakomana, munoona, kuti riibve.

²⁵⁹ Hapazombovapo nesangano, ingorangarirai. Hama Jack pano mudzidzi wenhorondo, vazhinji venyu muri pano

ndizvo zvamuri. Hakuna kumbova nerumutsiriro asi zvingaita makore matatu mushure merumutsiriro vakavamba sangano parwuri. Ndizvozvo here? Uye kufamba kwekupedzisira uku kukuru kwezvishamiso kwaMwari mumazuva ano okupedzisira, kwaendeka kwemakore makumi maviri; uye kuri mamaera miriyoni kubva kune sangano, kuchiwedzera kuenda kure nguva dzose; chikwande chawe kusuduruka, hapachisina kubatirana, hapana chokuuta naRo. Maona? Nguva dzose chinosuduruka kubva kwaRiri. Hakugone kuva nechimwe zvachose, rave gorosi zvino. Asi tichiri vambishi kwazvo. Uh-huh. Ndizvozvo. Tinofanira kugara muHupo hweMwanakomana kuti tiibve, ndizvo zvoga. Humbishi hwakawanda; hatina kuperera, kuyeresera, chinhu chatinofanira kunge tiinacho pakati pedu, kuziva kuti Mweya waMwari mupenyu, uri kufamba muShoko raWo uye nokutiratidza zvinhu zvakadaro.

²⁶⁰ Tine vatevedzeri venhema vanosimuka. Kuti zvigoitei? Kunyengera. Bhaibheri rakati vachazviita. “SaJambre naJani vakadzivisa Mosesi, ndizvo zvichaitawo ava mumazuva okupedzisira.” Maona? Vanoita chinhu chimwe chete, vanonyatsouya vachiRitevedzera, nemazvo chaimo. Maona? Ngwarirai! Tarisai Dzidziso yeBhaibheri. Tarirai mharidzo inotevera zviratidzo! Ichingori mharidzo imwe chete yakare? Kanganwa nezvayo!

²⁶¹ Mwari vakatuma mashura nezviratidzo kuti vakwezve meso evanhu vaVo. Apo Jesu akauya achingopodza vanorwara nezvimwe zvakadaro, ndizvo zvakaitawo vaporofita. Vakafunga, “O, kubwinya, Ari kuuya, Achange ari muFarisei. Achange ari muSadhuse.”

²⁶² Asi akati, “Imi chizvarwa chenyoka nemvumbi.” Ndokuti, “Muri vababa venyu dhiyabhore, mabasa ake munooita.” Ndokuti, “Kunze kwekunge madya nyama yeMwanakomana wemunhu, nokunwa Ropa raKe, hamuna Upenyu mamuri.” Haana kuZvitsanangura. Haana kusungirwa kuZvitsanangura. Hareruya. Zvaiva zvemumwe mwaka. Uh-huh. Akangotaura zvaAifanirwa kutaura, “Ndinogara nguva dzose ndichiita izvo zvinofadza Baba, uye ndiko kuchengeta Shoko raVo. Kana ndikasadaro, hupenyu hwaNgu nemabasa aNgu zvisingaenderane neShoko raVo raNdiri kufanira kuita, zvadaro musaNditenda, handisi iYe wacho; asi kana zvikaenderana, zvino tendai mabasa kana musingakwanise kuNditenda,” Akadaro.

²⁶³ Cherechedzai zvino *zvakafanira* izvi zvinofanira kuitwa.

²⁶⁴ Zvino, onai, Mwari vakanga vasina kuzarura chinhu chacho kwavari nenzira yaVo yavakapa, Vakanga vachizarura nokufemera, asi chakanga chiri mugwara risiri iro. Munoono, kufemerwa kunoita zvakanaka, asi kana kuri mugwara risiri iro, kunoendeswa nekusiri iko. Sokutora bara wopfura wakanangisa

kuchinhu chiri pamberi, rinoenda rakananga kune chinhu chacho, asi kakuvhuvhuta kwemhepo kanogona kurifuridza kubva mugwara. Zvino, mumotokari yako, unogona kumhanya uchidzika nemugwagwa mamaera makumi matanhatu, makumi manomwe paawa imwe chete zvino kuvhuvhuta kwemhepo kukakufuridza, unogona kutwasanudza mavhiri ako zvakare, woidzoserera mumugwagwa zvakare. Asi haukwandise nembumburu; hapana chiripo ipapo chokutwasanudza mavhiri aro, rinopotsa charanga rakananga. Munoono, rinofanira kufamba mugwara raro repakutanga.

²⁶⁵ Saka Shoko raMwari rinofanira kufamba riri mugwara raRo repakutanga. Hapana kakuvhuvhuta kaduku kemhepo kachaRifuridzira kunze; hapana sangano duku, kanawo chimwe, chichaRifuridzira kunze; hapana kakutambudzwa kaduku kachaRifuridzira kunze: Rakanyatsonangisa parinofanira kusvika! Richasvikoparova ipapo, zvakare. Uye kana Mwari, kana Richinge raro panzvimbo iyoyo, Mwari vanoRisimbisa, “Kunyatsobaya dede nemukanwa!” Uh-huh, chaizvo zvaAkataura kuti Aizoita. Hezvinoi pazviri izvi muMagwaro, iyi, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Zvichaitika!’” Hezvinoi izvi. Maona? Hezvoka izvo.

²⁶⁶ Zvino, Mwari vakanga vasina kuzvizarura nenzira yaVo yavakapa. Saka ndokunozviita nenzira isiri muShoko raVo, uye zvisiri mumwaka, zvimwe chete sezvavaitawo nhasi. Apo varume, zvisinei kuti vakaperera zvakadini, vakaedza kuVaitira basa zviri kunze kwenzira yaVo yavakapa, vanozvivhiringidza nguva dzose. SaBharami, Bharami akafunga kuti akanga ari kuitira Mwari basa.

²⁶⁷ Munofunga here kuti Mwari vanonyepa? Ko Mwari Vangambofa here vakashandura pfungwa dzaVo? Saka, vanhu vanoita nhasi sokunge ndizvo zvaVakaita. PaVakati madzimai asadimbure vhudzi ravo; vanoti, “Tinogona kuridimbura, Chiremba *Nhingi-nhingi* akati tinokwanisa. Hama *Nhingi-nhingi* yakati hamufungi zvakana.” Uh-huh, uh-huh. Maona?

²⁶⁸ “Saka, *izvi* zvinogona here kuitika? *Izvi* zvingaitika here?”

²⁶⁹ “Hongu, uh-huh, *Nhingi-nhingi* akataura kudaro.”

²⁷⁰ Mwari havashandure pfungwa yaVo.

²⁷¹ Munotenda here kuti Bharami akanga ari muporofita? Bhaibheri rakati ndizvo zvaaiwa. Munotenda here kuti aiva muporofita? Zvino, rangarirai, Bharaiki akauya kwaari zvino ndokuti, “Enda zasi unotuka vanhu ava, nokuti vakapararira pachiso chose cheniyika. Havatombori sangano, havasi rudzi, vanongori boka rakapararira; zvino ndisu varemekedzwa veniyika. Zvino iwe chidzika ikoko unotuka vanhu ivavo, zvino ndichazokubhadhara nokuda kwaizvozvvo.”

272 Zvino Bharami akaita chaizvo zvinofanira kuitwa nemuporofita, akati, “Handisi kuenda. Imi chingomirai pano, usiku hwese, regai ndione zvinonzi naMwari ndiite.”

273 Saka akapinda, akati, “Ishe, pane vamwe vanhu kunze uko vaneni vauya, vanga vachida kuti ndiende zasi ndinotuka vamwe vanhu vari zasi uko.” Ndokuti, “Saka Munoda kuti ndiite sei nezvazvo?”

274 Mwari vakati, “Usaenda, nokuti ivava vanhu vaNgu!”

275 Bharamu akabuda, ndokunoti, “Dzokerai kumba kwenyu. Handikwanise kuenda nemi, Mwari vandiudza kuti ndisazviite.” Zvino, herinoi Shoko raMwari repakutanga: “Usaenda!”

276 Saka, zvadaro vakadzokera, ndokuti, “Munoziva, mubhishopi wenyu haana kana kumboteerera.”

277 “Zvakanaka,” mambo akati, “regai ndikuudzei zvatinoita. Ari kuda tumari tushoma, ndinofunga kuti izvozvo zvinogona kumunyengedza. Kana kuti ndichamuita mukuru wedunhu rose, kana kuti ndichamuwanira chimwe chinhu chikuru chokuita. Ndingangomuita mubhishopi, hamumboziva zvandingagona kuita. Pano, ndichakuudzai zvandichaita. Imi machinda hamuna dzidzo yakakwana kuti mumunyengedze zvakadaro; *mazvake nemahandi*, netakura *netora nesenga* zvenyu, hazvina kunaka. Haangambokuteererai, tichatumira rimwe boka rakanyatsodzidza zasi ikoko, rine ruremekedzo rwakawedzerwa.”

278 Vakadzika zasi ikoko, ndokuti, “Chiremba Bharami, *Chiremba* Bharami, kwaziso kwamuri. Ndinokuunzirai kwaziso kubva kuna mambo.”

279 “Mangwanani, hama.” Maona?

280 “Zvinoka, Chiremba Bharami...” Uye, o, manzwi akatsetseka, akanyatsoita zvokudururwa. Uye ndokuti, “Zvino, mambo vati vachakusimudzira, uye vachakupa ruremekedzo rukuru kwazvo. Uye, unoziva, vanga vati vanozokupa mari *yakati* kuti uite basa iri, asi mambo vati vachaiwedzera zvakaipetwa katatu, zvakaipetwa kana, kana ukangogona kuuya kuzoriita.” Zvino, Bharami akanzwa maoko achivavira, zvakadaro. Akawana pfunga dzehupenzi zvino ndokudzungaidza pfungwa yake.

281 Zvino, rangarirai, akadana Mwari naizvozvo, akazodzwa, asi akabvisa Mwari kubva pazano repakutanga. Uye ndizvo chaizvo zvakaipetwa nePentekosti! Kutu vave nemukurumbira, imi Oneness, imi Trinity, kuti muve nemukurumbira makaita sangano kuti muve makasiyana, makaita sangano zvino makafa! Hamufi makamuka zvakare. Asi, munoono, maifanira kunge makagara neraMwari repaku-...Vakakuzvuvai kubva muAssembly kuti vakuitei vanhu, asi makaita sangano zvino ndokubva manyatsodzokera mumarutsi amakanga mabva

(ruregerero) maari, zvinhu zvimwe chete zvamakanga mabuda mazviri, “Sembwa inoenda kumarutsi ayo nenguruve kumatope ayo.” Ndine urombo ndataura kudaro, ndiregerereiwo, hazvina kunaka papuratifomu pano. Maona? Ndazvitaure munyama. Cherechedzai zvino kuti ndizvo zvandanga ndichireva, kurutsa. Ndaifanira kunge ndazvitaure saizvozvo. Shoko racho ranga rakanaka, asi harina kushandiswa zvakakanaka. Maona? Rashandiswa zvakakanaka, asi harina kududzwa zvakakanaka, munoziva. Marutsi, “Sembwa inodzokera kumarutsi ayo.”

²⁸² Kana Assemblies of God, General Council, vakaita Pentekosti sangano pakutanga zvino ndokupinda mune izvozvo kuitira kuti vasagamuchire zvizaruro, hamuzive here, Oneness, makaita chinhu chimwe chete. Ko maizogamuchira sei Mharidzo ye “mbeu yenyoka, chengetedzo yemunaZiendanakuenda,” nezvimwe zvinhu izvi zvakauya? Makanyatsorongeka zvakasimba kusvikira hamumboChiregi nepamukova wenyu, uh-huh, uh-huh, chinhu chimwe chete chakaitwa naBharami. Asi Mwari havana kushandura pfungwa dzaVo.

²⁸³ Saka Bharami akaenda ikoko ndokuti, “Ishe, zvino onai, ndanyatsowana mukana zvino wokuvawo mumwe munhu. Munoziva kuti ndakanganda ndiri munhu asina basa, asi ndawana mukana wekuvawo mumwe munhu. Ko munoti kudini zvino nezvazvo, Ishe?” Zvino, haaifanira kunge akataura kudaro! Aiziva chaizvo zvaakanzi naMwari aite!

²⁸⁴ Saka ndizvo zvamunoita imi mose makabhabhatidzwa nemuzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” pane dzimwe nyaya dziri muBhaibheri dzinofanira kunge dziri muziva rino, munoziva zvokuita naCho, kungoChigamuchira! Pamunoona Mwari vachisimbisa pachena “Ichokwadi,” ndiMwari vari kududzira Shoko raVo pachaVo. Asi uchazviita here? Kwete, sangano rako harikuregi uchizviita!

²⁸⁵ Vazhinji vevashumiri umo muTucson vari kuteerera kuno mangwanani ano. Hama Gilmore, handina chimwe chandinopesana nemi; Hama Brock, First Assembly, neFriendly church. Imi varume, ndange ndiriko kwenguva yose iyi, hamuna kana kumbondirega ndichiuya kwenyu. Ini...Ichokwadi, hamaikwanisa, hamukwanise uye mugoramba muri zvamuri. Hamukwanise kugamuchira chizaruro, nokuti muri sangano. Zvino teererei, sezvakangoita Uzia akauraiwa nokuti akanga ari pasi pekufemera kwenhema kuya, ndizvo zviriwo Makristu mazhinji echokwadi vari kurasikirwa nechiiitiko chavo imomo mumasangano akare akafa, nokuti vari kuisa ruwoko rwavo paAreka ivo vasina kutemerwa kuzviita. Zvino munogona kuZvitenda, kana kurega kuZvitenda, zviri kwamuri. Mwari ndiye Mutongi wenyu. Mwari havana kumbobvira vadzosa Shoko raVo. ZvaVakataura pakutanga, Vanozvitaure nguva dzose.

286 Vakaudza Bharami, “Usaenda!”

287 Uye zvino Bharami akadzoka, ndokuti, “Asi Ishe, ndinogona kuenda here?”

288 Zvino onai! Mwari vakati, “Enda hako!” Zvino, Vakamupa mvumo yekuenda. Pane kuda kwaMwari kwekungoregedzera, uye kusiri kuda kwaMwari kwepakutanga. Munoono dambudziko raakapinda mariri?

289 Uye munhu hake anovaka chero chinhu hacho, chero sangano, kana chero chinhu hacho chiri kunze chisiri paShoko raMwari, ijecha rinozunguzika uye chichawa! Chichafa zvemazvirokwazvo, nokuti Shoko raMwari Mutumbi weMwenga uri kukura. Haungave wese tsoka, wese ruwoko, wese chidya. Zvinhu izvi zvinouya mumwaka wazvo.

290 Uye Pentekosti, mazviita chinhu chimwe chete, nokudaro hamukwanise kugamuchira chizaruro chitsva. Ndicho chikonzero muchigara muri pamuri ipapo mobva mafa. Chinoenderera mberi. (Zvakadai; handidi kukunetesai.) Asi Mwari havashandure pfungwa yaVo, pfungwa yaVo yepakutanga yakanyatsokwana. Saka Mwari havashandure pfungwa yaVo, Vanongokurega uchienderera mberi mukuda kwako kwekungoregedzera. “Mwari ndiMwari wakanaka,” sokutura kwaOral Roberts. NdiMwari anotyisawo zvakare!

291 Onai, sokungotaura kwamunoita kuti, “Kubwinya kuna Mwari, ndinoda kutaura nendimi!” Vanokurega uchizviita, asi handicho chiratidzo chokuti une Mweya Mutsvene.

292 Rangarira zvakataurwa naTomasi, mupokani uya wakare? “Kunze kwekunge ndave neumbo, ndinofanira kupfekera minwe yangu muzvipikiri zvaKe, maoko aKe, uye nepadivi raKe, handi—ndi—ndi—ndimbofi ndakaZvitenda.” Zvino, hezvoka izvo, chinhu chimwe chete.

293 Jesu akati, “Hezvinoi izvika, Tomasi, pfekera maoko ako muno umu zvino kana zviri izvo zvauro kuda kuziva.” Maona? Maona? Zvino, kana uchida nzira yaTomasi, enda mberi. Asi Akati kudini? “Uchava mubairo wakawedzera kukura zvakadini weavo vasina kumbobvira vakaona asi vachitenda zvakadaro.”

294 Cherechedzai, cherechedzai, nokuita izvozvo, akakonzeresa rufu rwemunhu akaperera; achiisa ruoko rwake paareka apo aisafanira kudaro. Munhu mukuru, akaperera, kufunga kuti chizoro nezvimwe zvose zvakanga zvakana, asi areka yakanga iri kuenda nenzira isiri iyo. “Nzombe,” Bhaibheri rakati, “dzakagumburwa,” kwete vaRevhi. Nzombe dzakagumburwa zvino ngoro yakanga yave kukudubuka; zvino munhu akaperera, aiva nemoyo wakazara nerudo, akaisa ruoko rwake paareka kuti aigamhe, zvino akarohwa ndokufa nokuti hapana aikwanisa kubata areka iyi kunze kwemuRevhi. Munoono kuti Mwari vanochengeta sei Shoko raVo, vanochengeta gwara raVo, vanochengeta hurongwa hwaVo?

Uzia akarohwa nemaperembudzi. Hepanoi pana Dhavhidhi, zvachose akakonzera rufu rwemunhu, nedambudziko rine njodzi huru kwazvo; akazodzwa neMweya, vari vaviri, asi vari kunze kwegwara raMwari. Ndizvozvo here? Akafa. O, zvakatyisa Dhavhidhi kunge achafa, vakadana zi—zita renzvimbo iyi, sekuverengwa kwaraitwa naHama Jack. Maona? Ndokumucherechedza ipapo.

²⁹⁵ Kangani masangano paakaita chinhu chimwe chete kuvatendi vakaperera. Kereke yeKatorike, Methodisti, Baptisti, church of Christ, kunyange maPentekosti, vakonzera rufu rwakawanda rwepamweya nechinhu chimwe chete ichocho. Pazvakauya, nezvinhu izvi, vakaona...uye havakwanise kuenderera mberi, nokuti ndizvo zvinotendwa nesangano ravo.

²⁹⁶ Tarira nhasi, mbuserere huru, chinhu chimwe chete. Hapana zvadzinoita kunze kwekuvaita zvakawedzera “vana vegehena zvakapetwa kaviri, zvakaipa kudarika zvakaimbova pakutanga.” Zvinovaita kuti vawedzere kuomarara, zvirokwazvo, pakuuya kuChokwadi. Vova neimwe yembuserere huru idzi, zvino vose vouya, vomboenderera kwechinguva, zvino vozodzokera zvino votanga chivi ichi zvakare. Vakanzwa rumwe rumutsiriro, vanoti, “Ah, ndakambova nezvinhu izvi, ndakaedza. Hapana zviripo ipapo.” Maona? Havazive gwara. Havaone.

²⁹⁷ Ndakanzwa muvhangeri wedu mukuru Billy Graham, agere mamwe mangwanani pasvusvuro yemangwanani sezvizvi, zvino akati, “Ini...” Hepano, anosimudza Bhaibheri, muLouisville, Kentucky, ndokuti, “*Heunoi* muenzaniso waMwari.” Uye ichokwadi, murume uyu akataura chokwadi. Akati, “Ukaenda...Pauro akapinda muguta zvino ndokuva nemunhu mumwe akatendeuka, ndokudzoka gore rimwe chete kubva ipapo akava nemakumi matatu kubva pane mumwe chete iyeye akatendeuka.” Ndokuti, “Asi ndinopinda muguta ndova nezviuru makumi matatu evanhu vanotendeuka, uye ndodzoka makati memwedzi mitanhatu uye handikwanise kuwana kana makumi matatu.” Akati, “Munoziva here kuti dambudziko racho nderei?” Akati, “Imi vaparidzi vane nungo,” ndokuti “unogara wakaisa gumbo rako padhesiki uye—uye wofonera vanhu ava nefoni panzvimbo yokuvashanyira mushure mekudya kwemanheru uye wotaura navo.”

²⁹⁸ O, moyo wangu wakanga uri kubvira. Ndakafunga, “O munhu waMwari mukuru, handifarire kupesana newe pano apa, asi ndivanani vaparidzi nyope pane munhu mumwe chete akatendeutswa naPauro? Zvaakaita, akamutora ndokumuisa muShoko, akamutora ndokumuisa muMharidzo, akamutora ndokumuisa kwaakawana Mwari; moyo wake wakanga uri kubvira nemoto, akatungidza nyika yose nemoto! Zvino chinhu choga chamunoita kuvaisa mukereke yeBaptisti kana

yeMethodisti, kanawo zvimwe, ndosaka pasina chokupisa.” Uhuh. Hongu, changamire!

²⁹⁹ Zvino chitarisai zvakavimbiswa neShoko nhasi. Ngationei kana iri Methodisti, Baptisti, maPentekosti, kanawo zvimwe, zvanhasi. Zvino munogona kuenda kunoverenga Magwaro enyu. Torai Magwaro aya andanga ndiri kukutaurirai. Uyezve Zvakazarurwa . . .

³⁰⁰ Dai ndanga ndiine nguva, ndaizviverenga, asi handingorina. Ndine mamwezve maminiti anenge gumi nemaviri kana gumi nemana. Ndinofanira kuvhara nenguva yacho, naeleven, kana ndikabuda zvakanaka.

³⁰¹ Cherechedzai Maraki 4, Zvakazarurwa 10, Zvisimbiso Zvinomwe. Ko Bhaibheri harina here kuti . . . Zvino tarisai! Paiva neNgirozi, Mutumwa akabva Kumusoro; nemutumwa wepanyika. Uye mutumwa wega-wega aiva wezera rekereke. Akati, “Mumazuva . . .” zvichirevera zvino, “kwakauya Ngirozi, Mutumwa” (shoko rokuti *ngirozi*, ishoko reChirungu rinoreva “mutumwa”). “. . . akaburuka kubva Kudenga, uye iYe akaisa tsoka yaKe panyika nepagungwa, ndokupika noUyo anorarama nokusingaperi kuti nguva pachange pachisina.” Ndizvozvo here? Muraraungu wakapoteredza musoro waKe, nezvinhu zvose izvi zvichingoitika. Ngirozi iyi aiva Kristu! Zvirokwazvo! Asi Akati kudini? “Asi mumazuva emutumwa wechinomwe, zera rekereke rechinomwe.”

³⁰² Nguva dzose kumagumo chaiko kwezera rekereke kwavakaita kuti zvinhu zvinge zvakanyatso . . . zvekunamata zvanyatsovhiringika kusvikira Mwari vatumira mutumwa, zvino ndiyo Mharidzo kuzera iroro rekereke. Zvino vanotora mharidzo yake, nokuti akangorarama kwenguva shoma, uye Mwari . . . zvino vanotora mharidzo yake panzvimbo yokuenda nayo mberi neimwe Yose, vanogadzira sa—sangano. Zvino vanouya vogadzira rimwezve sangano; mumwe mutumwa, vatora mumwe zvakare.

³⁰³ Mose makaona mubhuku rangu, zvichanyatsoratidzwa muMazera *Manomwe eKereke*, ayo aAkandiudza; andinomira nawo sechapupu kuna Mwari kuti ndizotongwa nezuva reKutongwa nokuda kwaYo. Yakabva kuna Mwari, kwete kubva pakufunga kwangu. Cherechedzai, pano. Ndaifunga—ndaifunga zvakasiyana nazvo, dai ndakanga ndiri kuzova nepfungwa yangu pachangu. SeHama Jack vakandiudza pamusoro peNgirozi paya, kuti “Akanga ari Kristu mumutumbi wakabwinyiswa.” Asi zvakanga zvisizvo, zvakanga zviru kuratidza kuti Mharidzo yaive yemazvirokwazvo, huMwari Hwepamusoro-soro, Aiva Mwari. Maona? Icho chinhu chaicho chandainge ndiri kuparidza kubva muShoko. Shoko nguva dzose rinopupurira Shoko.

304 Zvino, nokukasika zvino, patiri kugadzirira kuvhara munguva shoma.

305 Zvino, Akati, “Mumazuva eMharidzo yemutumwa wechinomwe, mutumwa wepano panyika, zera rekereke rechinomwe, zvino zvose zvakavanzika izvi zvakanga zvarasika kumashure mune mamwe mazera matanhatu zvinofanira kuzarurwa pakarepo.” Zvakanaka, ndizvo chaizvo zvakataurwa neNgirozi dziya. Hezvinoini izvi Zvisimbiso Zvinomwe, kana kuti kuzarurwa kwezvakananzika izvi. Zvino imboedza kuZviisa pamberi pemasangano ayo. Zvinopesana neizvo ivo... Hama, vanozyikwidibira seriva, asi vagara nguva dzose vachizviita. Asi mwaka wacho!

306 Vangani vanoziya kuti rino ndiro zera rechinomwe rekereke? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti.] Zera reRaodhikia, rinodziya iro Mwari ravanosvipa kubva mumuromo waVo. Uye vanosvipa Mwari kubva mumuromo wavo; hapana rimwe zera muBhaibheri apo Jesu akambowanikwa ari kunze achiedza kugogodza, kuti adzokere mukati. VakaMubuditsa kunze, hapana kushandira pamwe chete. Ko Jesu ndiyani? Shoko! Shoko rakaiswa kunze. Chikwande chakakandira gorosi kunze! Akati, “Ndimire pamukova ndichigogodza, uye munhu wese akasungwa nengetani kunze uko achanzwa Inzwi raNgu.” O Mwari, ivai netsitsi!

307 Paiva apo zvino, pakafa murume uya, apo Dhavhidhi aine chizoro akaona zvaakanga akanganisa. O Dhavhidhi, iwe mufundisi, hausi kuona here zvitendwa nemasangano ako akafa ayo awakabatirira paari? Hausi kuona here zvazviri kuita? Zviri kuuraya Uza. Akafa pamweya, zvino unonetseka kuti sei pasina rumutsiriro; uchirega madzimai ako achidimbura vhudzi ravo, vachipenda zviso zvavo, vachipfeka zvikabudura; nokutumira vakomana venyu kuzvikoro zvanariki, nezvimwe zvakadaro, uko chikamu chavo chepakati vanodzoka vave ngochani, nezvimwe zvose.

308 Cherechedzai chinangwa chaDhavhidhi: akanga ari kuunza areka kuimba yake *pachake*. Rakanga risiri iro guta guru, yakanga isiri iyo nzvimbo yacho, yaive yemuJerusarema. Asi Dhavhidhi akanga ari kuiunza kumba kwake, akanga ari kuda kuti rumutsiriro rwunge rwuri musangano rake. “O, kana uri weAssembly, zvakanaka. Kana uri muOneness, zvakanaka. Kana uri muPentekosti, ndizvozvo.”

309 Semumwe munhu akataura, akati, “Hama Branham, ko munozviita sei kuti muwane munhu anokuteererai?” Ndokuti, “Ndinoona Billy Graham, ane sangano rose remunyika ino pamwe naye. Ndinoona Oral Roberts, muPentekosti wese anobatirana naye. Asi,” ndokuti “munopesana nechinhu

chacho chose.” Uh-huh. Ndokuti, “Munozviita nenzira ipi kuti mutombowana mumwe munhu?”

³¹⁰ Ndikati, “NdiMwari!”

³¹¹ “Ini Ishe ndakaidyara nyika ino isati yavambwa. Ndichaidiridza masikati nemanheru zvichida vamwe vangaikwachure kubva muruwoko rwaNgu,” Isaya. “Ndichadiridza, Ndakadyara. Ndakaisa mazita avo muBhuku nyika isati yavambwa, kubudikidza nokufanotemera. Ndichaidiridza, nokungoenda mberi. Ndichapa mvura yacho, iwe chingofirita.” Ndizvozvo. Maona? “Ndichaidiridza masikati nemanheru zvichida mumwe wavo angakwachurwe kubva muruwoko rwaNgu.” Hezvoka izvo.

³¹² Akanga achiida kuti iuye muguta raDhavhidhi, panzvimbo yeJerusarema. Pakanga pasati pava nenzvimbo yayakagadzirirwa panguva iyoyo, uye ndizvo zvazviririwo nhasi. Zvakavanzika zvikuru izvi zvakazarurwa neZvisimbiso Zvinomwe, hapana nzvimbo mune chero haro sangano... rinofanira kurega kuva sangano kuti riZviture. Nzira yose kubva kuna Luther zvigodzika kusvika kuPentecotal Oneness, hapana nzvimbo kwaZvinogamuchirwa. Uyewozve hakuna munhu anogona kuZvigamuchira uye oramba ari musangano rake. Anofanirwa kutevera gorosi kana kuenda nechikwande, chero kwaanenge ada.

³¹³ Kristu ndiye Areka yedu, Shoko. Ivo vanoda sangano ravo. Haakwanise, cherechedzai, haakwanise kutakurwa nengoro itsva dzesangano, Mharidzo yaKe haikwanise kuenda pangoro yesangano apo iYo ichifanira kutakurwa zvino youya pamoyo wemuporofita. Haikwanise. Akazvivimbisa, kuti Yaizova saizvozvo, uye ndiyo nzira yaInofanira kuva.

³¹⁴ Saka sangano harife rakaIgamuchira, kana kugona kuIgamuchira. Uye vakapofomara kwaIri sezvakanga zvakaita maJudha pavakaroverera Jesu pamuchinjikwa, paya Jesu paakati, “Baba, varegerereiwo, havatombozivi zvavari kuita.” Musavashora, asi ingofungai: ko dai iwe wanga uri muchinhano chimwe chete meso ako akapofomara zvokuti haukwanise kupepuka wozona zviriri kuitika?

³¹⁵ Uyewo havana kugona kuona kuti ndiYe akanga ari Mwari wavo chaiye. PaAkanga akarembere ipapo pamuchinjikwa, uye ivo vachiimba maPisarema 22 mutembere, mayadhi mazana maviri kubva ipapo, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, ko MaNdisiyireiko? Vakabvowora tsoka dzaNgu nemaoko aNgu.” Maona? “Mapfupa aNgu ose, vanoNditarisa. Ko MaNdisiyireiko?” Uye ipapo, Mwari wacho chaiye wavanga vaimba nezvake, vakapofomara zvokuti vakaMubairira pamuchinjikwa, uye havana kuzviziva.

³¹⁶ Zvino, ko Bhaibheri haritaure here kuti kereke yeRaodhikia, iyo inofunga kuti yakakura kwazvo nokuda kwenhengo dzayo

dzesangano, ichange “isina kusimira, yakasuwa, murombo, bofu, uye isingazvize”? Ko *hupofu* zvinorevei? *Hupofu* hunoreva kukereke ino yeRaodhikia sezvayakaita pamagumo ekereke yechiJudha, kupofomara kunaKristu wavakanga vaisa kunze, achigogodza, achiedza kupinda mukati; “vasina kusimira, vakasuwa, varombo, vanonzwisa urombo, bofu, uye vasingazvize.” O Mwari, ivai netsitsi!

³¹⁷ Ko sei gorosi risiri kukwanisa kugara muHupo hweMwanakomana kunze uko, zvino voona nguva iyo yatiri kurarama mairi? Hongu, Kristu ndiye Areka yedu, asi nzira yaKe repakutanga yekuzviita. Zvino heUnoi pano. . . Vakanga vaine Mweya waKe zvakanaka, tinozviziva. Vanomirira panaShe, voona zano raKe paShoko raKe repakutanga mumwaka waRo kuti risimbiswe, ndizvo zvatnofanira kunge tiri kuita iko zvino. Uye iYe—iYe anozarura kutenda kwavo neShoko raKe, nokuMuona achisimbisa zano rose raAkavimbisa, kwete mazano evanhu emasangano, kwete kugadzira nhengo dzeareka yedu.

³¹⁸ Vane areka yeMethodisti, areka yeBaptisti, areka yePresbyteriani, munhu wese ari kupinda muareka iyi kuitira matambudziko makuru ari kuuya; “Kubwinya kuna Mwari! Ndakabhabhatidzwa muareka yeMethodisti, Presbyteriani, areka yePentekosti.” Panongori neAreka imwe chete, ndiJesu Kristu, uye iYe iShoko!

³¹⁹ Cherechedzai, Mwari vakaudza muporofita, ndokuti, “Idya bhuku,” muTestamende Yekare. Muporofita wemuTestamende Itsva, Akati, “Idya bhuku duku.” Sei? Kuti Muporofita neShoko zvigova chinhu chimwe chete! Maona? Ndiyo Areka, Shoko raMwari.

³²⁰ Mwari vakavimbisa, Shoko raVo, kuti Richazadzikiswa sei uye kuti Richaitika sei kana achinge Asarudza Mwenga waKe, kuti zvaizoitwa sei. Zviri kutoitika pamberi penyu, nemuZita raShe, uye kubudikidza neShoko repakutanga! Mharidzo yenguva dzemadekwana iri pano.

³²¹ Vangani vanorangarira Haywood paakanyora:

Kuchava neChiedza senguva dzemadekwana,
Nzira yemuKubwinya zvirokwazwo
muchaiwana.

³²² Hongu, vimbiso yemadekwana yeZvisimbiso Zvinomwe, yeZvakazarurwa 10, Maraki 4, Ruka 30 ne 10. Verenga Deuteronomio 4, 4:1 ne 4, tevere ndima 25 ne 26, zvino ugoona zvaAkataura pamusoro pezuva rino rokupedzisira. Uyu akanga ari Mosesi achiti kuvana veIsraeri kuti “Chengetai Shoko rose, musawedzera chinhu chimwe chete!” Mosesi, muporofita uya akambenge ari kumusoro uko uye ndokuona Shoko riya raMwari. Uye Rakanyorerwa kwaari ndokusimbiswa neruwoko rwaMwari pachaVo vachiRinyora. Akati, “Iwe chengeta Shoko rose, usawedzera chinhu chimwe chete kwaRiri kana kubvisa

chinhu chimwe chete kwaRiri.” Unokwanisa kuzviverenga mundima 25 ne 26 yaDeuteronomio 4.

323 Cherechedzai! Usawedzera kwaRiri, usatapudza kubva kwaRiri; nokuti ukadaro, Mwari vachabvisa chikamu chako kubva muBhuku reHupenyu. Uye zvinongoratidza kuti wakanga usiri mbeu yaKe.

324 Rangarirai! Zvose zvatakavimbiswa naMwari, zvose zvakataurwa naMwari kwatiri, zvose zvakataurwa kwauri nemuZita raShe, zvakaitika! Mwari havana vimbiso imwe chete yavakashaisa basa, asi Vakachengeta vimbiso yose yaVakataura, yavakatiudza, yanga iri Chokwadi. Kwemakore makumi maviri aya, Shreveport, ndakuparidzirai nemusimba raMwari, uye nemutsa wemufudzi wenyu, uye ndinokupupurirai nhasi. Kunyange kune madzimai akanga aguma kubereka; varume, vana, zvirwere, kupodza, kuporofita, zvinhu zvaizoitika, hapana kana chimwe chete chazvo chati chambokundika! Zvino, garirai kure nemasangano ayo, ari kukutungamirirai kurufu.

325 Samere akamira pane rimwe zuva, zvino ivo ndokuti, “Tinoda mambo, tinoda kufanana nevamwe vose vari munyika.”

326 Saka, Samere akati, “Musatora mambo uyu. Achatora vanakomana, nevanasikana venyu, uye achazoita *zvakati* nokuzoitika *zvokuti*.”

327 Akati, “Hongu, ndinoziva kuti muri pachokwadi.”

328 Asi Samere akati, “Teerera kwandiri. Ndakambotora chero mari yenyu here? Ndakambopemha kwamuri here kuti ndirarame? Ndakambokuudzai here kuti maitofanira kundipa mubhadharo wakati kuti ndikuitirei musangano?” Zvino tongaiwo ndimi, kunyange iye zvino! Maona? Akati, “Ndakambokuudzai here chimwe chinhu nemuZita raShe kunze kwezvakaitika?” Hapana kana chinhu chimwe chete.

329 “O, hongu, Samueri, hauna kumbotikumbira mari, wakanga usingadi zvinhu zvikuru. Samere, ichokwadi, uye zvose zvawakatiudza nemuZita raShe zvakaitika. Asi, Samere, tinoda sangano redu zvakadaro!”

330 “Saka endai munoritora. Zviri kwamuri.” Ndizvozvo chaizvo.

331 Unogona kufunga kuti uri kuitira Mwari basa, uye kana uri kuenda kunze kwenzira yaMwari yekuzviita, ucharamba uchizvivhiringidza, zvichienda zvakadaro. O Kereke yaMwari mupenyu! Ndapota regererai maitiro angu echiIrish nematauriro angu ekusetsa, asi mukuperera nekuyereswa kwemoyo wangu, imi veAssemblies of God, imi Oneness, Presbyteriani, Methodist, chero chipi chaungava, tiza nehupenyu hwako. Rangarirai, buda kubva imomo.

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,
 (kugadzirira vashoma vaya vakasara)
 Zviratidzo zvakafanotaurwa nevaporofita;
 Mazuva emasangano ave kupera akazara
 nezvinotyisa,
 Dzokai, O vakapararira, kwenyu.

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,
 Moyo yevanhu yave kukundika nokutya,
 Ivai makazadzwa neMweya waKe,
 Mova nemarambi enyu akagadzirwa uye
 akajeka,
 Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwave
 pedyo.

³³² Munozvitenda here izvozvo? Tiri panguva yekuguma, tasvika. Chinyorwa chave pamadziro, Kuuya kwechipiri kwaswewera, Mwenga ari kusarudzwa, achidiridzirwa, achibuditswa kunze.

³³³ Zvino, hazvirevi kubuditswa kubva mukereke, zvinoreva kubuditswa kubva mune zveemasangano. Unofanira kuenda kuchechi, asi usajoinha chero ripi sangano. Jesu akafambidzana nemasangano ose, asi hapana kana rimwe chete rawo raAkajoinha. Uyewo haana raAkatsigirana naro, kwete zvachose, asi Akanga ari pakati pavo. Ndiko kwacho kunofanira kuparadzirwa Chiedza. Zvino iwe gara ipapo pauri, uchiparadzira Chiedza. Maona? Ndizvo zvauri kushandisirwa naMwari. Vanhu vane moyo ine nzara, vazivise kuti Jesu Kristu ndewemazvirokwazvo, zvingori zvimwe chete sezvaAiva nezuro, Ari izvozvo nhasi; uye achange akadaro nokusingaperi.

³³⁴ Zvinokwanisika, murume kana mudzimai nokuperera kwese, vachiedza nokukwanisa kwavo kwese kuitira Mwari basa, zvino vozvifambisa nenzira isiri iyo. Vaine chizoro chechokwadi cheMweya Mutsvene pavari, asi vozvifambisa zvichipesana nezano raMwari rezera racho, vovhiringidza zvinhu zvacho zvose. Zvino, kana muchitenda kuti iChokwadi, itai, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni!"—Mupepeti.] Tichangobva mukuZviverenga. Kuvhiringidza zvinhu zvose nokusauya nenzira yakapiwa naMwari yekuzviita.

Ngatinamatei.

³³⁵ O kereke, pano nemunyika yose, teererai kumuranda wenyu akaninipa mangwanani ano. Hamungazviiti here? Tarirai kwamaive makore mashoma apfuura izvi pazvakatanga; zvino onai zvaita kutevedzera kwatora mukana paRiri, uye mamiriyoni nemabhiriyoni makuru emadhora apinda mumasangano. Maona? Zvichingori kure neShoko raMwari. Zvivakwa nemasangano handiyo nzira iyo Mwari vanofambisa Mweya waVo. Vanouendesa chaimo muShoko raVo, kuti vaRiite kuti rirarame. Zvino kana wakanga wakatemerwa kubva

pakutanga kwenyika kuShoko iroro, Shoko rimwe nerimwe rinouya pamusoro peShoko. Sechizenga chemunhu hachizova nechimwe chizenga chemunhu, uye chizenga chinotevera chiri chembwa, uye chizenga chinotevera chiri chekatsi; zvose zvizenga zvemunhu. Asi panofanira kuva nechizenga kutanga pazvinotangira. Ndizvozvo here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka, kana chiri chizenga cheShoko pakutanga, zvimwe zvizenga zveShoko zvakatemerwa kuuita mutumbi uzere.

³³⁶ Musava vana, kunze kwemurudo bedzi, asi varume Mumweya nemukutonga. Tongaiwo imi kana ndakutaurirai Chokwadi kana kuti kwete. Tongaiwo imi kana Riri shoko raMwari kana kuti kwete. Tongaiwo imi kana iri iyo nguva yacho yatiri kutaura nezvayo kana kuti kwete. Tongaiwo imi kana zvinhu izvi zvakavimbiswa. Iye zvino, zvakasimbiswa here? Nezvinhu zvokuti hakuna munhu panyika anokwanisa kuzviita. Asi Zvasvika pokuti tazvijairira kusvikira tave kuZvirega zvichitipfuura. Mirai, kereke, mirai.

³³⁷ Kana paine mumwe imo muno mangwanani ano asingazive Jesu Kristu, asina kururamiswa mangwanani ano, zvivi zvako zvole zvaenda sokunge usina kumbobvira wakatadza, uye unoda kuva saizvozvo . . . nokuti rangarira, rimwe zuva, kuda nhasi, kuda maminiti mashanu anotevera, asi rimwe zuva moyo iwoyo uchanyarara. Zvino uyo ari mukati memukati achabhururuka kuenda kunomira muHupo hwaMwari kuti azotongwa maererano nezvaunoita neMharidzo ino mangwanani ano, maererano neMharidzo *ino* yauri kuona. Kwete . . . Handini, ndinongori murumo bedzi. Semaikirofoni ino, haina chinhu chainogona kutaura kunze kwekunge ndiri kutaura mairi. Uyewozve handaikwanisa kutaura chimwe chinhu kunze kwekunge Mwari vari kutaura nemachiri, asi muri kuona Mwari vakazvisimbisa kuti iChokwadi. Unoda kuva muKristu wechokwadi.

³³⁸ Zvino, hatina nzvimbo yokuti vanhu vauye pakokero yekuti vauye kuartari, asi ipapo patafura paugere. Nzvimbo yacho yakazara vanhu vakamanikidzana, yakazarisa. Handikwanise kukudanirai kuartari, hapana artari pano yandingakudanirai kwairi. Asi artari iri mumoyo mako. Ko haungaregi here kakugutsikana kaduku kekuti “Jesu Kristu ndewe mazvirokwazvo” afambe pedyosa nhasi nokudana mumwe mutumbi waKe wese kwauri, womuisa muchidiro chemoyo wako? Kana Asipo ipapo, ungasimudzewo here ruwoko rwako, sechiratidzo kwaAri, uchiti, “Ishe, ndizadzei, ndizadzei neShoko reNyu neHupo hweNyu, kuitira kuti ndigogara neMi”?

³³⁹ Apo musoro wese wakakotamiswa, ziso rose rakavharwa, kwese munyika yose, simudzai mawoko enyu muno muungano iri kuoneka pano nevari kunze ukowo zvakare; zvino ndichakunamatirai. Ndizvo zvoga zvandinogona kuita,

handikwanise kuuzadza. Mwari vakuropafadze. Handikwanise kuuzadza. Mwari vakuropafadze; newe iwe. Mwari vanogona kuuzadza. Mwari vakuropafadze. Maoko ari kusimuka mudenga muno muungano iri kuoneka pano, kwese-kwese. “Uzadzei. Ndizadzei, O Ishe. Ndizadzei.” Uye zvino, mushure nda... Mazvita, hanzvadzi. Mazvita, hama. Mwari vakuropafadzei. Mushure nda... Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi inodikanwa. Iwe. Mushure... Ndinofunga zvino ndawana vazhinji vevakatendeka, vari kuedza kudaro, ndinoda kusimudza mawoko angu pamwe chete nemi.

³⁴⁰ O Ishe, musandirega ndichisvika pandinomira kufamba. Ndichienda mberi, Ishe, musarega ndichimira pane chinhu chimwe chete, regai ndirambe ndichienda mberi, Ishe, kusvikira ndazadzikisa zvose zvaMakanditemera kuti ndiite. Zvisinei nemubhadharo, zvisinei nemadhuro, zvisinei nekutsoropodzwa, kuti muchinjikwa wacho wakaoma zvakadini, ndicharangerira muchinjikwa waMakatakura.

Saka muchinjikwa uyu wakayereswa
ndichautakura

Kusvikira rufu rwandisunungura;

Zvino ndoenda kumusha, kunopfeka korona,

Kune korona yangu.

Ko Jesu angatakura muchinjikwa oga here,

Uye nyika yose yoenda yakasununguka?

Kwete, pane muchinjikwa wewese
mwanakomana waKe,

Pane muchinjikwa wangu.

³⁴¹ Mwari Vanodikanwa, Shoko raenda mberi. Harikwanise kudzoka risina zvaraita, Richawana nzvimbo yaRo pane imwe nzvimbo. Kana mbeu yakatodyarwa kare, Richaidiridza kusvikira yakura. Uye hapana anokwanisa kuitakanura kubva muruwoko rweNyu, “Vose vandakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri, hapana munhu anokwanisa kuvatakanura kubva muruwoko rwaNgu. Baba vaNgu vakavapa kwaNdiri nyika isati yavambwa”; apo hurongwa hwese pahwakagadzirwa, saizvozvo, Jesu akapiwa Kereke yaKe, Mwenga waKe.

³⁴² Muchato wenhema wenyika, kumasangano aya. Makauya mukafira munyika, MukaMudzikinura, MukaMururamisa, haAna kumbobvira akazviita pakutanga. Akatoteyiwa mauri, bofu. Uye sezvinotaurwa nechimbo:

Ndaimbova ndakarasika asi zvino
ndawanikwa,

Ndaimbova ndiri muRaodhikia, ndiri bofu, asi
zvino ndave kuona.

Uye dzaive nyasha dzakadzidzisa moyo wangu
kutya,

Dzaive nyasha dzakabvisa kutya kwangu;

Dzaive dzakakosha zvikuru nyasha idzi
padzakaoneka
Nguva iyo yandakatanga kutenda.

Zvino mvura yaMwari yakawira pamweya wangu. Ndaive ndofa nenyota.

³⁴³ Mwari, paartari duku yemoyo wese uri pano nemunyika yose, dai mvura dzinobva pasi peartari yaMwari dzafashama mangwanani ano dzichienda paKereke yeNyu; uye idiridzei, Ishe, nokuti mwaka wave kuda kutopera. Ipei Hupenyu, Mvura dzeHupenyu, kuitira kuti igokwanisa kugara muHupo hweMwanakomana kuti goibva kuitira dura reNyu guru.

³⁴⁴ Baba, ndinovanamatira. Asi gunde rinofanira kuoma, nokudaro handikwanise kurinamatira; chinofanira kufa, saka chakafa. Asi ndinonamatira gorosi, Ishe, riri kuumbika muMutumbi waKristu. Zviitei, Ishe, kuti mvura dzaMwari dzakachena dzichaita kuti matama aYo asukwe nemisodzi yemufaro nekunzwisisa kusvikira muchina wekukohwa wauya kuzoitira kuenda nayo Kumusha. NemuZita raJesu, ndinoikumikidza yose kwaMuri, Ishe; zvibereko zvacho ndezveNyu. Amen.

³⁴⁵ [Imwe hanzvadzi muungano inotaura nendimi—Mupepeti.] Amen.

³⁴⁶ Nazvino Mwari, Baba, tinoKutendai. Uye, Baba, tinonamatira hanzvadzi yedu duku, murandakadzi pano, kuitira simba rake. Ndiri kufunga nezveimwe nguva panda—ndakafamba ndichipinda muhupo hwake, kuti Mweya wakauya paari ndokumupa shoko rimwe chete rakapiwa neMutumwa waJehovha paRwizi zuva riya: “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kufanoenda mberi kwekuuya kwekutanga kwaIshe Jesu, uri kutumwa kufanoenda mberi kwekechipiri.”

³⁴⁷ Tiri kuiona ichiumbika zvino muchikamu chegorosi, Mwari, tinoKutendai nezvose zvaMakaita. Moyo yedu yakazara zvisingataurike. Ndiri kunzwa kuzara kwazvo, Ishe, handisi kutomboziva kuti ndingataura chimwe chinhu sei. Asi mazvita Baba, zvakare, pane zvose zvaMakatiitira. Kubudikidza neZita raJesu Kristu.

NdinoMuda, . . .

NgatingoMuimbirai, zvino. Rangarirai, Ari pano.

Nokuti ndiYe akatanga kundida,
Ndokutenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

³⁴⁸ Zvinokuita here kuti unzwe kuva muduku kwazvo, muduku kwazvo? Zvose zvabuditswa kunze, wangogadzirira kuitira Mweya, munoona.

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Vakira tariro yako pazvinhu
 zvemunaZiendanakuenda,
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Usachiva pfuma yenyika ino isina maturo,
 Inoparara nokukasika,
 Vakira tariro yako pazvinhu
 zvemunaZiendanakuenda, (hapana sangano,
 zvino)
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Vakira tariro yako pazvinhu
 zvemunaZiendanakuenda,
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

³⁴⁹ Vangani vari kuedza kuita saizvozo? Simudza ruwoko rwako. Zvino sveverera kune rimwe divi retafura, isai mawoko enyu muruwoko rwemumwe, *sezvizi*, pamwe chete. Munogona kugara henyu pasi, zvakanaka, kana chero chaungada kuita. Nyatsotererai. Ngatichiimbei pamwe chete zvino. Izvi zvinomiririra ngetani yedu isina kudambuka yerudo rwaMwari. Takabatana mawoko nokuti tinotenda muna Mwari. Tinobatana nokuti tiri hama nehanzvadzi, Mweya mumwe chete unopfakanyika, Shoko raMwari remunaZiendanakuenda richigara mumoyo yedu richiratidzwa.

Kana rwendo rwedu rwuchinge rwapera,
 Kana kuna Mwari tanga takatendeka,
 Wakaisvonaka uchipenya musha wedu
 muKubwinya,
 Mweya yedu yakabvutwa ichaona!
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 Vakira tariro yako pazvinhu
 zvemunaZiendanakuenda,
 Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
 (Mweya waIshe!)
 Bata pana Mwari. . .

Chingoisa pfungwa yako paAri, munoona. Ndiyo mhando yemisangano yatinofanira kuronga munguva inouya.

. . . ruwoko rwusingashanduki!
 Vakira tariro yako pazvinhu
 zvemunaZiend- . . .

Shoko ndicho chinhu choga chiripo
 chemunaZiendanakuenda.

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Usachiva mukurumbira, dzidzo zvenyika ino
zvisina maturo,

Zvinoparara nokukasika, (Zvitarisei nhasi,
zvazvaita.)

Vavarira kuwana pfuma yeKudenga,
Hazvizofi zvakaparara!

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Vakira tariro yako pazvinhu
zvemunaZiendanakuenda,

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

³⁵⁰ [Imwe hanzvadzi inotaura neimwe ndimi. Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *Bata Ruwoko RwaMwari Rwusingashanduki*. Imwe hanzvadzi inopa dudziro—Mukurikiri.]

³⁵¹ TinoKutendai kwazvo, Ishe. Apo takagara munguva ino yakasuwa, potse kunge semariro, nokuti takatarisana nekuvigwa kwenyika iri kufa, yakafa; kereke iri kufa, yakafa.

O Mwari, unganidzai gorosi reNyu nokukasika, Baba. Uyai nokukasika, Ishe Jesu.

³⁵² Ropafadzai vanhu veNyu, Baba, unzai kuperera neudzamu kumoyo yevanhu. Dai tabva pamatambiro aya asina maturo, togara pasi muhupfumi hwakadzika hwehuchi hwaMwari. Zviitei, Ishe. Chengetai moyo yedu yakavakwa nerudo nekuperera.

³⁵³ Ropafadzai vanhu veNyu kwese-kwese, Baba. Patiri kubva panzvimbo ino dai tikaenda nemuZita raIshe Jesu kunotaura izvo zvakaperera, izvo zviri Chokwadi, izvo zvakanaka, dai tasiya zvakaipa, Ishe. Kana munhu achinge atanga kutinyepera, dai tikakurumidza kumufuratira, tofuratira zvokusetsa zvakasviba, zvinonyadzisira nezvinhu zvemunyika, uye tongofuratira tofamba tichibvapo. Tibatsirei, Mwari vanodikanwa. Tiumbei, tigadzirei, tipwanyei, uye mutigadzire muzvimiro zvevanakomana nevanasikana vaMwari kuti tigoita nesimba reMweya Mutsvene. Tinozvikumikidza kwaMuri, takaisa mawoko edu mune mumwe nomuwe, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Ngatisimukei. Hama Noel.



*KUYEDZA KUITIRA MWARI BASA IKWO
KUSIRI KUDA KWA MWARI* SHO65-1127B

(Trying To Do God A Service Without It Being God's Will)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera mangwanani, 27 Mbudzi, 1965, pakudya kwemangwanani kweFull Gospel Business Men's Fellowship International paWashington Youree Hotel muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org